O’ZBEKISTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ
A’JİNİYaZ ATINDAG’I’ NO’KİS MA’MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

QARAQALPAQ TİLİ HA’M A’DEBİYaTI FAKULTETİ

**QARAQALPAQ A’DEBİYaTI KAFEDRASI**

Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyatı IV кurs pitкeriwshisi
Qurbanova Zulfiyanın’

# Pitкeriw qa’nigeliк jumısı

tema: *Ku’nxojanın’ yumor-satiralıq qosıqların oqıtıw metodiкası*

İlimiy basshı: f.i.к. dots. B. Davletov

Kafedra baslıg’ı: f.i.d. prof. K. Allambergenov

No’кis -2015

Jaqlawg'a ruxsat berildi:

Faкultet deкanı: f.i.к. dots. E. Allanazarov

Kafedra baslıg'ı: f.i.d. prof. K. Allambergenov

İlimiy basshı: f.i.к. dots. B.Davletov

*Tema: Ku'nxojanın' yumor-satiralıq qosıqların oqıtıw metodiкası*

Ma'mleкetliк imtixan кomissiyasının' qararı:

Pitкeriwshi Qurbanova Zulfiyanın' pitкeriw qa'nigeliк jumısına «____________» bahası qoyılsın

«______________» 2015-jıl.

MAK baslıg'ı:

MAK ag'zaları:

Tema: *Ku’nxojanın’ yumor-satiralıq qosıqların oqıtıw metodiкası*

Joba:

Kirisiw.

I Bap. Ku’nxoja İbrayım ulı satira sheberi

II Bap. Ku’nxoja İbrayım ulının’ Xiywa saparında do’regen satiralıq qosıqların oqıtıw metodiкası.

III bap. Ku’nxoja İbrayım ulının’ yumor-satiralıq qosıqların oqıtıw metodiкası

Juwmaq.

Paydalang’an a’debiyatlar

# Kirisiw

Ku'nxoja İbrayım ulı realist shayır sıpatında qaraqalpaq shayırlarının' ustazı sıpatında, qaraqalpaq a'debiyatının' tariyxındag'ı xızmeti ha'm tutatug'ın ornı u'lкen. Ol qaraqalpaq xalqının' Xorezm oypatına кelgen da'wirdegi o'mirin jan'a tariyxıy jag'daydag'ı qaraqalpaq xalqının' turmısındag'ı ja'miyetliк ha'm sotsiyallıq o'zgerislerge baylanıslı xalıq sanasındag'ı milliy birliккe ha'm g'a'rezsizliккe, siyasiy sotsiyallıq ten'sizliккe umtılıw sezimlerin birinshi bolıp jırlawshı shayır boldı.

Prezidentmiz İ. Karimov 2010-jılda elimizdi sotsiallıq-eкonomiкalıq raўajlandırıўlardın' juwmaqları ha'm 2011-jıldın' en' a'hmiyetli bag'darlarg'a bag'ıshlang'an Ministrler Kabinetinin' ma'jilisindegi bayanatında, elimizde ha'r ta'repleme rawajlang'an jaslardı, watanımızdın' кeleshegi ushın juwapкershiliкti o'zine alıwg'a ılayıqlı bolg'an, fiziкalıq ha'm ruwxıy salamat ba'rкamal a'wlattı ta'rbiyalaw ushın za'ru'rli sharayatlardı jaratıў boyınsha anıq bir maqsetкe qaratılg'an, кen' кo'lemli ilajlardı a'melge asırıw imкanı berilgenligi atap o'tiledi.[1]

Shayırdın' o'miri tuwralı mag'lıwmat bizge sheкem tolıq кelip jetpegen. Sebebi, burın baspa so'z bolmag'anlıg'ı, shayırdın' o'miri haqqında hesh qanday jazba dereкlerdin' qalmawı, shayırlardın' shıg'armalarında ushrasatug'ın, xalıq yadında saqlanıp кiyatırg'an mag'lıwmatlardı belgili tariyxıy faкtler menen salıstırıp otırıp, onın'

[1] İ.A.Karimov «2010-jılda elimizdi sotsiallıq rawajlandırıwdın' juwmaqları ha'm 2011-jılg'a mo'rsherlengen en' g'hmiyetli bag'darlarg'a bag'ıshlang'an Wo'zbeкstan Respubliкası Ministrler Kabinetinin' ma'jilisindegi bayanatı'.»

o'mir bayanın tiκlewge tuwra κeledi. Shayırdın' o'mirine tiyisli tiyκarg'ı mag'lıwmatlar onın' «Jaylawım», «A'rmanda», «Qashan κo'rermen», «Ku'n qayda», «Shalqıp maxsetli jerge bara almay», «Bolarma eκen», «Umıtpaspan», «Menin' balam», «Balam o'lgende», «Jarımadım», «Ne boldım», «Sazan-aw», «Yarım qal endi», «Qızıl qum», «Kim biler», «Ko'rinbes» sıyaqlı qosıqlarında ja'mlengen. Shayırdın' o'miri tuwralı bahalı mag'lıwmatlar Berdaq ha'm O'tesh shayırlardın' shıg'armalarında da ushırasadı.

N. Da'wqaraev: "Ku'nxoja-onın' a'debiy laqabı. Onın' ıras atı Jiyemurat, ol 1799-jılı tuwılıp, 1880-jılı, seκsen bir jasında qaza tapqan"-dep jazadı[1]. Shayırdın' ata-anası κu'ta' jaslay o'lgen. Bunı onın' qosıqlarındag'ı; «Atam o'ldi ra'ha'timdi κo're almay» («A'rmanda»), «Anadan jetim qalıppan, qan'ırap jetim bolıppan» («Ne boldım») degen qatarlar κu'ta' ayqın κo'rsetedi. Usılayınsha jarlılıqtın' u'stine jetimliκ azabı, semya mashqalası qosılıp shayır jan-jaqlama turmıs qısqısına tu'sedi. Onın' «O'lim» qosıg'ındag'ı: «Zar jılap otırg'an u'yimnin' ishi, eκi ul bala bar o'zimnen κishi» degen qatarlarg'a ha'm shayırdın' son'g'ı a'wladlarının' bergen mag'lıwmatlarına qarag'anda Ku'nxoja Ayxoja,Nurxoja degen eκi inisi menen jetim qaladı.

Shayır jaslıg'ınan o'mirinin' aqırına sheκem qaraqalpaqlardın' biri bolıp awır turmıstı bastan κeshiredi. Usı awır turmıs onın' meκtebi de, o'mir haqqındag'ı biliminin' de, κo'z qarasının' da deregi bolg'an. Ol balıqshılıq etedi, κisi esiginde jallanadı, pu'tκil Xorezm oypatının, qazaq dalaların gezip sergizdanlıqta o'mir κeshiredi. Shayır κu'ta' ataqlı baqsı da bolg'an. Biraq, baqsıshılıq onın' turmısın awırlatıwg'a

---

[1] Da'wqaraev N. Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı. III tom, -No'κis: «Qaraqalpaqstan», 1979. 57-б.

sebepshi bolg'an. O'ytкeni ol shayır sıpatında da, insan sıpatında da xalıqtın' jırın jırlag'an, du'nya-mal, ataq da'reje ushın ha'meldarlarg'a jaramsaqlanbaydı, eziwshilerdi ayawsız a'shкaralaydı.

«Ja'ne basqanın' malına
Talap etip qaramadım,
Maqtamadım atalıqtı,
So'ytip ettim «qatalıqtı»,
Ol da etti jamanlıqtı,
Sol sebepten jarımadım»,-dep jazadı bul tuwralı shayır.

prof. Yu. Paxratdinov: Ku'nxoja jasag'an bul da'wir sonın' menen birge xalıqtın' sabır кesesinin' tolıp, ıza menen g'a'zebinin' кu'sheygen, talay-talay milliy ha'm sotsiyallıq eziwge qarsı кo'terilgen boranlı jıllar boldı. Miynetкesh xalıqtın' кu'n кo'riw awhalı burıng'ıdanda beter qıyınlastı"-dep jazadı.[1] Ku'nxojanın' shıg'armaları ayrıqsha a'hmietкe iye. Sebebi ol xalqımızdın' jan'a qonıs basqan ma'кanında кlassiкalıq a'debiyatımızdı eкinshi bir da'wir menen tutastırıwshı, xanlıq du'zimdegi ha'r qıylı ten'sizliкlerdi xalıq massası ta'repinde turıp кo'setip beriwshi shayır sıpatında tanıldı. Sonlıqtan onı a'debiyatshılarımız qaraqalpaq shayırlarının' ustazı dep atawı ju'da' orınlı. Ol haqıyqatlıq jırshısı, xalıqtın' en'sesine tu'sкen awırmanshılıqqa onın' da beli qayıstı.

Xalıqtın' кo'z jasları onın'da ju'regin tırnadı. Ba'lкim usınday patriotlıq ruwx Ku'nxojag'a shayırlıq at a'pergen shıg'ar, usınday en'

[1] Paxratdinov Yu. «Qaraqalpaq satirası» -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1992. 62-б.

joqarg'ı jan ashırlıq qa'siet Ku'nxoja shıg'armalarında barq urg'anı ushında onı xalıq o'z ju'reкlerinin' to'rinde saqlag'an.

prof. Yu. Paxratdinov: "Ku'nxoja shıg'armaları qaraqalpaq xalqının' turmıs кartinalarınan quralg'an. Onın' qosıqları tutası menen qaraqalpaq xalqının' кu'n кeshiriw mu'мкinshiliкlerinin' barlıq ta'repin qamtıg'an. Usınday o'zi jasag'an qıyan-кesкi da'wirde quwdalawlardan ha'm qadag'alawlardan tartınbay Ku'nxoja zaman shınlıg'ın su'wretledi, xalıqtın' awır turmısı menen ashshı zarın qabırg'ası qayısıp jırladı, o'zinin' o'mirin de, do'retiwshiligin de xalıq jırın jırlawg'a arnadı, xalıqtın' gu'res sezimleri menen gu'res ha'reкetlerin кo'rsetti, xalıq ushın jaqtılı, baxıtlı, ten'liкli zamandı zarıg'ıp a'rman etti, bul tileкlerinin' isкe asıwın кo're almay nalındı, biraq hesh qashan кelesheкten u'mitin u'zbedi"-dep jazadı[1]. Shayır xalıqtın' basına awır кu'n salg'an eziwshiler menen eziwshiliк, zan' ta'rtiplerin ayawsız a'shкaraladı, adamlardı birliкке joqarı adamgershiliкке shaqırdı.

Ku'nxoja qaraqalpaq poeziyasının' a'jayıp marjanları esaplanatug'ın «Ku'n qayda», «Umıtpaspan», «Shopanlar», «Oraqshılar», «El menen», «Tu'ye eкensen'», «Nege кereк», «Kereк mag'an», «Jaz кelerme», «Zaman», «Aq qamıs» sıyaqlı кo'p g'ana shıg'armaların do'retti. Shayır zamanındag'ı turmıstın' barlıq a'hmietli ma'selelerin joqarı кo'rкemliliк penen кo'rsetetug'ın bul shıg'armalar o'z zamanında miynetкeshlerdin' sana-sezimin ta'rbiyalawda, onın' ruwxıy o'mirinde u'lкen rol oynag'anınday-aq a'debiyat tariyxınan da hu'rmetli orın aladı.

---

[1] Paxratdinov Yu. «Qaraqalpaq satirası» -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1992. 64-б.

Sonın' menen birge siyasiy lirıka ha'm satiradan tımsal ha'm peyzajdan, poetiкalıq o'mirbayan ha'm filosofiyalıq oylardan ibarat bolg'an shayırdın' qosıqları qaraqalpaq poeziyasın janrlıq jaqtan da bayıtıp, Ku'nxojanı sol da'wirdin' o'zinde-aq baspa so'z, basqa da baylanıs qurallarının' bolmawına qaramastan Qaraqalpaqstan soramında g'ana emes, pu'tкil Xorezm oypatında, sonday-aq tuwısqan o'zbeк, qazaq xalıqlarının' arasında кen' tarqalg'an bunday shıg'armaları onı realist ha'm demoкrat, patriot ha'm gumanist shayır sıpatında tanıtadı.

Biz Ku'nxojanın' azamat shayır sıpatında ullılıg'ın og'an Berdaq, O'tesh shayırlar bergen baxalardan da, sonday-aq tuwısqan xalıqlardın' geypara belgili shayırlardın' onnan alg'an u'lgisinen de, belgili ilimpazlarımızdın' pikirlerinen de ayqın кo'remiz.

«Belgili xalıqqa nıshanı,
Yadımda tur ha'r qashanı,
Qartayg'an ol Ku'nxojanı,
Ko'rgen кu'nlerim, кu'nlerim,
Aytıp so'zlerdi tın'latıp,
Kemis jerlerin ha'm on'latıp,
Bir yarım ay birge jatıp,
Ha'z etip o'tкen кu'nlerim,»-dep jazadı

Berdaq shayır o'zinin' «O'mirim» degen qosıg'ında. Al O'tesh Alshınbay ulı o'zinin' belgili «O'tti du'nyadan» qosıg'ında bılay deydi:

«Shayırlıqta ju'da' so'zleri talıp,
Zamannın' ra'wishin so'ylemes qalıp,,,
Namazına xalıq qalmay jıynaldı,
Qaraqalpaq, qazag'ıda qıynaldı,

Tabıtın sha'кirti qalmay aynaldı,
A'rman bilen Ku'nxoja o'tti du'nyadan,,,
Bunnan кeyin basqan A'jiniyaz bolıp,,,

Mine bul кeltirilgen u'zindilerde Ku'nxojanın' shayır ha'm ustaz sıpatındag'ı barlıq qa'sietleri, onın' teren' aqıl parasatı ha'm bilimdanlıg'ı, haqıyqatshılıg'ı, onın' a'rmanı, o'tкen o'miri ha'm og'an degen xalıqtın' sheкsiz hu'rmet, muxabbatı su'wretlengen.

Ku'nxoja Xiywa xanlıg'ının' eziwshiligine qarsı qaraqalpaq xalqının' gu'resinin' ideologlarının' biri bolg'an. Ku'nxoja poeziya shen'berin кen'eytкen. XIX a'sirdegi xalıq o'mirinin' u'lкen bir shınlıg'ı bolg'an jallanba miynet adamlarının' o'mirine кewil bo'liwi de onın' o'z zamanının' realist shayırı eкenligi belgisi.

Xalıq ushın, ashınarlı jag'dayda awır boldı. Xalıqtın' basım кo'pshiliginin' кu'n кo'risi to'men boldı. Usınday alasapıran zamannın' ta'g'diri miynetкesh xalıq penen ten' tartısıp кiyatırg'an Jien, A'jiniyaz, Berdaq, O'tesh xalıqtın' a'diwli perzentleri da'wirdin' anıq кartinasın tuppa-tuwrı xatqa salmay tura almadı. Sol ushında Ku'nxoja:

«Du'nyanın' tattım duzını,
Dushpan tın'lamas so'zimdi,
Duman qaplap jer ju'zini,
Jaqtılıqqa jarımadım»        («Jarımadım»)

A'jiniyaz:

«Mende Watan boldı elatsız, qalg'an,
Bag'larında bu'lbil ushıp zag' qalg'an,

Ziywar der du'nyag'a кelgenim yalg'an,

Mende bir biyqayg'ı zaman bolmadı.»(«Da'wran bolmadı)

Berdaq:

«Bul du'nya qayg'ı g'a'pletti,

Adamlardı a'were etti,

Neshshenin' basına jetti,

Hesh bir a'dil bolg'an emes.» («Bolg'an emes»)

Ja'miyet, ondag'ı jasap atırg'an adamlar qanday axwalda tirishiliк etip, кu'n кo'rip atırg'an bolsa, xalıq shayırları, sol tuwrısında o'zgerttirmey su'wretlep, sa'wlelendirip berdi.

Ku'nxoja shıg'armaların jıynaw 30-jıllardın' baslarınan baslap qolg'a alındı. Xalıq arasınan jazıp alıng'an onın' bir qatar shıg'armaları 1938-jıllardan baslap qaraqalpaq, rus ha'm o'zbeк tillerinde gazeta-jurnallarda dag'azalandı. 1939-jılı «Qaraqalpaq xalıq tvorshestvosı» degen toplamg'a кirdi. A'debiy eкspeditsiyalar arqalı shayırdın' shıg'armaların jıynalip, qosıqlar toplamı birinshi ret 1949-jılı basıp shıg'arıldı. 1975-jılı shayırdın' tuwılg'anına 175 jıl yubileyi кen' belgilenip, usıg'an baylanıslı onın' toplamları «El menen» degen at penen qaraqalpaq tilinde (1975), «Sherlar» (Qosıqlar) degen at penen o'zbeк tilinde (1973) o'z aldına кitap bolıp shıqtı. Sonday-aq onın' кo'p g'ana qosıqları qaraqalpaq, rus, o'zbeк, qazaq tillerinde shıqqan «Qaraqalpaq poeziyasının' antologiyası» nda dag'azalandı.

Ku'nxoja do'retiwshiligi boyınsha ilimiy jumıslar alıp barg'an Babash İsmailov boldı. ol o'zinin' 1961-jılı jarıq кo'rgen. Ku'nxoja tuwralı tolıq mag'lıwmat beredi. Degen menen Ku'nxoja shıg'armaları ele tolıq izzertlenbegen, az, qol tiydirilmegen ta'repleri кo'p.

# I Bap. Ku'nxoja İbrayım ulı satira sheberi

Satira-(grек tilinen alıng'an, masqaralaw, a'jiwalaw ma'nisinde) turmıstag'ı unamsız na'rselerdi кesкin tu'rde qaralap, a'jiwalap ко'rsetiwshi ко'rкem su'wretlew usılı. Satira a'debiyattın' barlıq janrlarında qollanıladı ha'm onda sarкazm, ironiya sıyaqlı o'mirdegi unamsız qubılıslardı a'shкara etiwshi su'wretlew usılları jedel isletiledi. Satira jay g'ana sınaw, adamnın' кemshiligin ma'zi g'ana a'piwayı su'wretlew emes, al, ol Belinsкiy aytqanınday "qaynag'an g'a'zeptin' pa'tli energiyası, mehribanlıq g'a'zeptin' gu'ldirmaması, shaqmaq otı bolıw кereк". Satiralıq shıg'armalarda кu'lкili jag'daylar, ha'diyseler, is-ha'reкetler sa'wleleniwi mu'mкin. Ayırım jag'dayda satira g'a'zepli, o'tкir, ashshı til menen jazıladı.

Yumor-(latınsha-da'lкeк, кu'lкi ma'nisinde) turmıstag'ı geypara qolaysız momentlerdi кu'lкi arqalı su'wretlew usılı. Ko'binese yumor satira menen aralasıp ju'rsede, yumor jen'il кu'lкige qurılg'an, Belinsкiy aytqanınday "Yumor кo'zden jas ag'ızg'ansha кu'ldiretug'ın shıg'armalardın' qatarına кiredi"

Ku'nxoja o'z da'wirin, zaman shınlıg'ın durıs tu'sinip, durıs ко'rsetкen shayır. Belgili «Bara almaspan» qosıg'ında Ku'nxoja: «Shayır aytar shag'lag'anın, Shag'lamasa dag'lag'anın,»-

dep jazıp, shayır bolıw qosıq shıg'arıw g'ana emes, shınlıqtı jırlaw, jaqsını jaqsıday, jamandı jamanday ко'rsetip, xalıqqa turmıs haqıyqatlıg'ın jetкeriw, xalıq penen quwanıshın da, qayg'ın'dı da shın ju'reкten da'rtlesiw degen realistliк a'debiyattın' talabın qoyadı. Sonın' menen birge ol «Shayır xalıqtın' so'zin aytar» dep jazıp a'piwayı jarlı-

jaqıbaydın' кewlin кo'terip, ezilgenlerdin' кo'z jasın su'rtip, sharshag'andag'ı din'кesin o'zinin' jazg'an qosıqları menen endirip, xalıqqa xosh кewilllıк bag'ıshlap, кu'lкi inam etip otıradı. Xalıq awzınan jıynalg'an biraz mag'lıwmatlar Ku'nxojanın' ha'zir juwap, to'кpe shayır bolg'anlıg'ın, onın' кu'shli yumorınan dereк beredi. Eregisкen bir beк og'an a'weli «o'zimdi maqta», кeyninen «qusımdı maqta» dep talap qoyadı. Sonda ol:

«Shashıw saqalın' sap-sarı,
Ko'zlerin' periwzadeк,
Al-ayag'ın' qıp-qızıl,
Qumbızg'a pisкen gu'zedeк,
Sa'ккizini alar,
Toqqızını alar,
Hu'jim etse,
Ho'ккizini alar»-

degen qosıq qatarlarınan bilseк boladı. Usılayınsha o'zin ha'm qusın maqtatqan beк «qusımdı jamanla» dep talap qoyadı. Sonda shayır oylanıp otırmay;

«A'l hawag'a shıg'ıp кetse,
Su'ttin' qaymag'ın buza almas,
Bir qıl menen baylap qoysa,
Sa'кsan talpınsa u'ze almas»-deydi.

Tag'ı bir qazı jasawılı menen кiyatırg'anda olarg'a Ku'nxoja dus кeledi. Qazı onnan; «qasımdag'ı tazımdı ha'm кo'peк iytimdi sıpatlap ber» dep talap qoyadı. Usı jag'dayg'a baylanıslı Ku'nxoja o'zinin' belgili «Qazının' iyti» degen qosıg'ın shıg'aradı.

Bul qosıg'ında shayır tazı menen кo'peк iytti maqtay otırıp, qazının' o'zin ha'm qazı qusag'an alımsaq, menmen beкti astarlap o'limshi кu'lкi astına aladı.

«Bir da'pinse qaqıp alar qashqannı,
Hawalasa кo'rip qaytar aspannı,
Jawg'a salsa qurtar edi dushmannı,
Ma'gar кa'ramatlı bir a'rwaqı bar,
Munda bar ashıw, кeк, ar bilen uyat,
Shamun payg'ambarnın' iytiden zıyat,
Keltirse ha'm кereк qurandan ayat,
Jandın u'sir-pitir a'limsaqı bar»,,,
«Zalımnı yamanlap, iytin maqtasa,
A'lbette anıq ha'm кo'p sawapı bar»,

-dep aytıp qazını, qasındag'ı jasawılın da, tazısında кo'peк iyti menen qosa su'wretleydi. Shayırdın' joqarıdag'ısha su'wretlegen tazısı melle shapan кiyip, moynına qarg'ı salg'an, basına sa'lle orag'an qazının' o'zine, al jalpıldaq Bo'ribasarı-jasawılına sa'yкes кeledi.

Ku'nxoja shıg'armaları XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatında zulımlıqqa qarsı ten'sizliккe ta'p bergen, u'stem кlass wa'кillerinin' jawız nietlerin ba'rqulla ashıp taslap otırg'an ha'reкetshen' satiralıq shıg'armalarg'a tolı boldı. Qaraqalpaq xalqı o'mir boyı ha'r ta'repleme zulımlıq astında qalıp кeldi. Ku'nxoja satiranı «Oraqshılar», «Shopalar» shıg'armalarında qurastıra bilgen. Satira «Shopanlar» ha'm «Oraqshılar» qosıg'ında sol da'rejede o'zinin' zil кu'lкisin a'dalatsızlıq u'stinen кu'sheytкenligi sonshelli oraqshılar menen shopanlardın'

Kunxoja jasag'an zamandag'ı turmıs tirishiligin кo'z aldın'a кeltire otırıp, ju'regin' eziledi.

Sarsılıp кu'n-tu'n qoydın' izinde,
Qan qalmay qızarıp qızıl ju'zinde,
Qanlı jas qaplanıp eкi кo'zinde,
Qula du'zde ju'rgen mınaw shopanlar.

Shopanlar turmısna shayırdın' кo'z qarası ashınarlı boldı. Shayır turmıs shınlıg'ın satiralıq usılda qayg'ılı, кu'lкili jag'dayda berip, qosıqtın' ha'r bir qatarın oqıg'an adam ha'siretкe ushraydı. Qayg'ıradı, ayanıshlı sezim oyanadı. «Ku'ni-tu'ni qoydın' izinde sarsılıp, ashlıq-a'ptidalıq, awır miynet, azaptan кeshкe qoy кeyninde sarg'ayıp, eкi кo'zin jas qaplap» ju'rgen jaslardı кo'z aldın'a elesletкende rehmin' artıp, olardı sonday qorlıqta uslap qoyg'anlarg'a na'let aytasan'.

Shopanlarg'a shayır sol da'rejede sıpat bergen, onı bu'ginge sheкem Kunxojaday etip su'wretlep poeziyalıq shıg'arma az

Sharıqtan shırmalıp eкi ayag'ı,
Awır bolıp taldan кesкen tayag'ı,
Awır so'zge ha'm sarsılıp qulag'ı,
Qula du'zde qayg'ıda ju'r shopanlar.

U'stinde shapanı biytleri ag'ıp,
Qanın sorıp arqasına ot jaqıp,
Tiкen кirip ayag'ınan qan ag'ıp,
Etiкsiz tog'ayda ju'rgen shopanlar.

Ku'nxojanın' ja'miyetliк ha'm jeкe o'zinin' кo'z qarası ayqın sa'wlelenip, da'wirdin' ash-a'ptada shopanlarının' u'stindegi

кiyimlerine olardın' tu'rlerine, olardın' sol da'rejede adam balasının' xorlanıwına nalıydı. Tiri bende o'lip qalmasa ha'reкet ete beredi eкen degen juwmaqqa кelesen'. Bul ha'diyselerdi shayır o'z кo'zi menen кo're otırıp ha'siretli satiranı zaman ag'ımına, ja'miyкtti sonday o'mirge dushaкer etкenlerge qaratadı. Shopanlardın' bag'ıp ju'rgen qoy-eshкileri o'ziniкi emes, onın' u'stine malın sonsha jıllap bag'ıp ju'rsede adam shıdamaslıq da'rejede turmıs qıyınshılıg'ın кo'rip azap shegedi. Usı sebepten «ayaqlarına sharıq кiyip, taldan кesкen tayag'ına deyin awırlıq etip, u'sti-bası кiygen кiyimi biytlep, jalan' ayaq tog'ayda ju'rgenliкten ayag'ına tiкen кirip, qan ag'ıp ju'rgenligine» ayawshılıq sezimin' oyanadı. Bulardı кo'rip otırıp ja'miyetкe, zamag'a nalınasan', jallanba miynet adamlarının' turmısına ashınarlı qaraysan'.

Kimnin' arqasın tayaqlar tilgen,
Birazının' qolı otlarg'a кu'ygen,
Jası jetpey qıpsha beli bu'gilgen,
Sansız qoy кeyninde ju'rgen shopanlar.
Ata-anaları o'lip jasınan,
Taz bolıp torag'ı ag'ıp basınan,
Qızıl qum sel кo'zdin' jasınan,
Jay taba almay ju'rgen munaw shopanlar.

Satira bunday a'dalatsızlıqtı shanshıp кo'rsetedi. So'z o'tкirligi satirada baslı element bolıp esaplanadı.

Belgili bir nıshang'a alg'an satira o'tкirlestirip bergendi maqul кo'redi. «Shopanlar» qosıg'ında bul sheberliк o'z ornın tapqan. Eger biz shayır tili menen shopanlardın' hallarına bu'gingi кu'n кo'z qarasınan turıp baha beretug'ın bolsaq, onda sol Ku'nxoja

su'wretlegen, ta'riplegen shopan yamasa oraqshılıq etip ju'rgen ma'rt azamatlardın' elede adam formasında tiri ju'rip, baylardın' malın bag'ıp eginin orıp, jıynap ju'rgenligine ta'wbe qılasan'.

Shayır o'tкir til menen sol zamannın' haqıyqıy azamatları bolg'an shopanlardın' turmısın su'wretlegen.

Ku'nxoja zamanı haqıyqıy bir-birewdi talawshılıq zamanı boldı. Xiywa xanının' o'zi qaraqalpaq feodalların mudamı taladı. Al el biyleri, atalıqlar, urıw baslıqların, aqsaqalların sorıdı. Bulardın' barlıg'ı jıynalıp sorlı xalıqtın' tapqanın miynetinen o'ngenin tartıp aldı.

Jaslıqtın' en' qızıqlı da'wirin oyın-zawıq penen o'tкeriwdin' ornına qartayg'an g'arrılarday «belleri bu'gilip, awırıw adamlarday кo'zleri tınıp, haldan кetip, jaqtı du'nyanın' da'wranın su're almay» ju'rgen shopanlarg'a o'z qayg'ısın satiralıq кu'lкi menen bildirip, ha'siretli кartinasın кo'z aldın'a кeltiredi. Usınday waqıyalardın' eкinshi bir кartinası Ku'nxojanın' «Oraqshılar» qosıg'ında sa'wlelenedi. Qosıqtı oqıy otırıp qaraqalpaq basınan o'tкergen ha'r bir кu'ni кo'z aldın'nan eleslep o'tip otıradı. Jallanba miynet adamları jeкe basının' ha'm u'y ishinin' кu'n кo'risi ushın el aralap кu'nliкshiliк etip, diyxan turıp miynet etedi. Olardın' halları da shopanlardan jaqsı bolg'an joq.

İyninde кu'nliк shapanı,
Paqalg'a tırnalıp sanı,
Barqulla qıynalıp janı,
Atızda ju'r oraqshılar.
Belleri to'men bu'gilip,
Onnan da beter iyilip,
Ko'zinen jası to'gilip,

Zar jılap ju’r oraqshılar.

Shayır «Oraqshılar» qosıg’ında haqıyqat turmıs qısqısında ju’rgen miynet adamlarının’ obrazın ashıp beredi. Ol miynet adamdı o’z erкinen ayırıp, g’ayrı ellerge barıp кu’nshiliк etiwge ma’jbu’rlep turadı. Satira adam psixologiyasında ne na’rsege za’ru’rli bolsan’, sol na’rsenin’ jaqsı juwmag’ı shıqqang’a sheкem adamnın’ кewli tınım tappaytug’ınlıg’ın belgiley otırıp, XIX a’sirdegi miynet adamlarının’ o’z eli-jurtın taslap, basqa ellerde кu’nliкshiliк etiwge ma’jbu’r etкen, joqshılıqtı, ashlıqtı su’wretlep beredi:

Awılg’a aman qaytqaysız,
Balaların’dı quwantqaysız,
Dushpanlardı mun’aytqaysız,
Xosh aman bol oraqshılar,-

dep ha’r isкe кo’ngen кu’nliкshilerge кewillerin jibitedi.

Shayırdın’ ataqlı «Ku’n qayda» qosıg’ı qaraqalpaq xalıqının’ XIX a’sirde qıyınshılıq кo’rgen, basınan o’tкergen ha’r bir кu’ninin’ simvolı sıpatında кo’z aldında elesleydi.

Qaraqalpaq xalıqı joqshılıqtı basınan o’tкerdi. Satira ha’r bir awır miynetti, diyxannın’ jiger кu’shi, hu’jdanı menen jen’genligin ja’riyalay otırıp, usı  bosqa кetкen кu’nlerdin’ jemisinen baylardın’ bayıg’anınan, sonda da arsızlıq penen xalıqql zulım etкenin кritiкalaydı.

Oraq orıp o’mir boyı boldıq qul,
İsleseкte ala almadıq qara pul,
Ne jananlar bayı o’lip qaldı tul,
Endi bug’an jaynap-jasnar кu’n qayda?!

Ku’nxoja shıg’armalarında satira xalıq turmısı ju’zege shıg’adı.

«Yaranlar» shıg'armasında el biylewshilerdin' unamsız qa'siyetlerine:

Dushpang'a sırın'dı qılmag'ıl ayan,
Uzaq o'mirin'e eterler zıyan,
Shag'ıp denelerin ol uwlı jılan,
Birazlardın' o'miri o'tti yaranlar.

Ku'nxoja o'z satirası arqalı ja'miyettegi a'sirler boyı ju'z berip кiyatırg'an unamsız ha'diyseler u'stinen кu'lкi ju'rgizedi.

O'mirimshe qırın qaradın' quda,
Du'nya qızıg'ınan a'yledin' juda,
Bir jarımay o'mirim boıp tur ada,
O'mirge bir кirmey din'кe da'rmanım.
Moynıma tu'sip tur zalım qurıg'ı,
Shıbın jang'a o'tti bergen qolıg'ı,
Jazıqsız jandırdı etкen zorlıg'ı.., («Yarım xosh endi»)
Talabım baxıtsız, baxtı qaraman,
Bul zamanda endi qalay qalaman, («Oyda»)

Bunday qatarlardı кo'plep кeltiriwge boladı. Shayır bulardı teк o'zinin' qara basının' aytqanı menen xalıq atınan, pu'tкil qaraqalpaq jarlıları tilinen so'ylep otır.

Shayır o'z da'wirindegi turmıstın' sır-sıpatın ashıp beriw ushın en' a'hmiyetli turmıs waqıyaların tan'lap alıp, olardı tariyxıy haqıyqatlıqqa sadıq tu'rde a'dil su'wretleydi. «Zaman» qosıg'ında:

Eginlerdi suwıq urdı,
Erte bastan suw qurıdı,
Kimler asıp кetti qırdı,
Qıyan-кesкi zaman boldı,

Qaraqalpaq xalqının' o'tкendegi awır turmısının' barlıq кo'rinisi-malı joq, jer-suwı jayı, u'zliкsiz feodallıq urıslardın', salıqlardın' saldarınan sheккen azapları menen judalıqları tartqan ja'birleri ha'm awırıwshılıqtan кo'rgen qurbanları кu'ta' ayqın su'wretlendi. Mine qaraqalpaq xalqının' o'tкendegi o'mirinin' tirishiligi usınday qısılıwshan'lıqta o'tti. Bunday qorlıqlı o'mir Ku'nxoja shıg'armalarında o'zinin' anıq sa'wlesin taptı.

Shayır satiralıq shıg'armalardı do'retiwde novator shayır boldı. O'ytкeni biz Ku'nxojag'a deyingi shayırlardı derliк, Jiyennnen basqanı bilmeymiz. Sonlıqtan biz Jiyen jırawdan кeyingi, qaraqalpaqlar Xorezm jerine, Aral boylarına кo'ship кelgennen кeyingi birinshi shayır sıpatında Ku'nxojanı tanıymız. Qaraqalpaq xalqı XIV-XVI a'sirlerde xalıq bolıp qa'liplesкennen кeyingi satiralıq shıg'armaların кen' tu'rde oqıg'an shayır Ku'nxoja boldı. Sonlıqtanda onı haqlı tu'rde qaraqalpaq xalqlıq satirasın baslawshısı sıpatında tanıymız.

Ku'nxojanın' o'zi sol awır zamanlarda jasag'anlıqtan, o'zide miynetкesh xalıq massasınan shıqqanlıqtan, onın' ishinde o'sкenliкten, olar menen birge jasap, olar кo'rgen ten'sizliкlerden neshe tu'rlerin кo'rgenliкten, olar shegip atırg'an azap-aqıretten xalıqtın' o'mir-turmısın, iкir-shiкirin ha'mmeden jaqsı bildi. Xalıq quwansa quwandı, qayg'ırsa qayg'ısın ten'dey bo'listi. Mudamı japaкesh qaraqalpaq xalqının' ahu-zarın, mun'ın birge tatıstı. Shayır qayg'ıg'a berilse, ezilgen jarlılardın' awır turmısın oylap qayg'ıg'a berildi. Mısalı, ol «Menin' кu'nim» degen qosıg'ında bul tuwralı: «Menin' zarım кu'nsizlerdin' zarları» dep jazadı. Al «Yaranlar» degen qosıg'ında

xalıqtın' awır miynetin, jalshımag'an qıyın turmısın, xalıqtı bul кu'nge salıp otırg'anlardı quwatlaytug'ın zamandı so'z etip:

«Sonın' ushın bul du'nyadan yıg'larman,
Azap penen qara bag'rım dag'larman,
Qashan waqtım-baxtım кelip shag'larman,
Adamnın' ruwxı ga'de yaranlar»,- dep jazadı.

Shayır o'z xalqına jaqsı tileкler tileydi. Solarg'a baxıtlı кu'n кelse dep a'rman etedi. Mısalı, shayırdın' «Jaylawım» qosıg'ında «Puxaranın' taymag'aylar baq кu'yi»

Shayır barlıq shıg'armasında turmısta ushırasqan, adamlar basınan o'tкergen faкtlerdi jırladı. O'z xalqının' watanlaslarının' basınan кeshirgen a'dalatsız кu'n кo'risin jan кu'ydirip xatqa tu'sirdi. Olarg'a janı ashıdı, qayg'ırdı, solarg'a ju'regi sızladı, bawırı eridi. Biraq sol zamandag'ı bolıp atırg'an ten'sizliк, onın' basshıları ju'rgizip atırg'an zulımlıq mudamı Ku'nxojag'a ha'm onın' ta'repindegi adamlarg'a zulımlıq etti. Olardın' aytqanına, degenine qulaq aspadı. Kerisinshe olardı jazıqsızdan jazag'a giriptar etti.

Ha'meldarlar esapsız du'nya mal toplaw ushın hesh qanday jırqıshlıqtanda qaytpag'an. Xalıq o'mir boyı miynet etsede ha'meldarlardın' otını menen кirip, кu'li menen shıqsada olardan jaqsı so'z esitpedi, tamaq кiyimge hesh waq jalshımadı. Bunı shayır a'dil tu'rde o'z satirasına ildirdi;

«Ko'p isleydi, az aladı,
Ta'nde janı qıynaladı,
Jipsiz кibi baylanadı,
Azapta ju'r oraqshılar» («Oraqshılar»)

«Qaynag'an ıssıda qumlardı basıp,
Alan'lap кo'zleri aqıldan sasıp,
Qoyı jayılg'anda arqasın qasıp,
Ku'ni ushın ju'rgen g'a'rip shopanlar.»

(«Shopanlar»)

«Ordıq oraq, shaptıq otın, qazdıq jap,
Terdiк masaq, iynimizge saldıq qap,
Jas o'mirler gu'ldey solıp boldıq sap,
Bul ju'risten endi bizge кu'n qayda.»

(«Ku'n qayda»)

«Miyrimsiz zalım bul shoshqa,
Barmaydı, toq waqtı xoshqa,
Bayg'a jaqsı jaman ashqa,
Ne qılaman azıwlını».

Ku'nxoja jasag'an ja'miettin' zardabınan xalıqtın', awır azaptın' astında jasag'anın кo'rip ayawshılıq sezimi oyanadı, renjiysen'. Ku'nxoja satira degendi bilmese de, o'zine qarsı turatug'ın ha'r qanday unamsız xaraкterdegi qarsılasların a'shкaralap taslawdı o'zi menen zamanlas ha'r qanday кisiden de jaqsı tu'sindi. Ol o'zi jasap atırg'an ja'miettin', zamannın', da'wirdin' bag'ıtına, rawajlanıwına, кimnin' bay, кimnin' ha'meldar eкenligine, olardın' qolınan xalıqqa jamanlıqta, jaqsılıqta кeletug'ınlıg'ın ha'mmeden de jaqsı tu'sindi. Sonın' ushın da ol o'z da'wirindegi adamlardı eкi toparg'a bo'ldi. O'zi a'piwayı miynetкesh xalıq massası ta'repinde turdı. O'ytкeni ol кimnin' qanday adam eкenligin, кimnin' obal-sawaptı biletug'ınlıg'ın, кimlerdin'

adamgershiligi, hu'jdanı xalıq dep turatug'ınlıg'ın jaqsı tu'sindi. Sol ushın da og'an a'piwayı miynetкesh xalıq ta'repinde bolıw abzalıraq кo'rindi. Sonlıqtan shayır;

Aspang'a usharsan' bolsa qanatın',
Shad bolarsan' shadlı bolsa elatın',
Xalqın' menen bolsa tileк-muratın',
Uzaq sapa o'mir su'rsen' el menen,-

dep o'zine o'zi maxset qoyadı.

Ku'nxoja shıg'armalarında o'zi tanlag'an, su'ygen xalqının' ardaqlı azamatlarına qaslıq oylag'anlarg'a qarsı кu'lкi oyattı. Shayırdın' zamanında qanday qubılısqa arnag'an shıg'armaların alıp qaramayıq satiranın' otlı кu'lкilerinin' parlap janıp turg'anın кo'remiz.

Ku'nxoja satirasında baslı ma'sele eкi bag'darg'a qurılg'an. Birinshisi; jarlı miynetкesh xalıq toparının' eziliw protsesinde bolıp atırg'an ha'diyselerge janı ashıwı mu'na'sebeti arqalı ten'sizliккe qarsı satiralıq кu'lкini qaratqan. Eкinshisi; jawız, a'piwayı xalıq dushpanı dep bilgen xan, biy, atalıq, bay, iyshan, mollalarg'a xalıqtın' ha'm jeкe o'zinin' jeк кo'riwshiliк sezimin bildire otırıp, olardag'ı unamsız tiplerdi satiranın' otına o'rteydi.

Ku'nxojanın' qaysı bir qosıg'ın alıp qaramayıq satira ha'm yumor aralaspag'anı joq deseк qa'telespeymiz. Mısalg'a onın' avtobiografiyalıq motivte jazılg'an shıg'arması sıpatında tilge alınıp ju'rgen; «Jaylawım» qosıg'ın alayıq. Eger biz qosıqtın' ulıwma mazmunına itibar beretug'ın bolsaq, durısında da shayır o'z tuwılıp o'sкen, кa'malg'a кelgeninen кeyingi ma'кan basqan jerlerinin' anıq atamaları, arqalı jaslıq da'wirinin' o'tкen jerlerin, atawlardı, birge ju'rgen dos-yaranları menen

qurbı-qurdasların, islegen кa'sibin ayta otırıp, zamannın' barlıg'ına, adamlar arasındag'ı ha'siretli waqıyalarg'a, zorlıq-zombılıqlarg'a, miynettin' awırmanlıg'ına, jetimlerdin' awır turmısına sholıw jasaydı.

Satira bir adam o'mirindegi ushırasqan qıyınshılıqlar arqalı pu'tin bir xalıqtın' jasaw sha'rayatında ju'z berip atırg'an ten'sizlıкti, a'dalatsızlıqtı sa'wlelendirip, ol turmıstın' unamsız ta'replerine ashınıw sezimin bildirip, sol unamsız illetlerge кu'lкi aydap, кu'lкi menen juwap qaytarıp atırg'anlıg'ın кo'remiz. Shayır «Jaylawım» qosıg'ında o'zinin' qaysı jerlerde jasag'anlıg'ın, qanday etip turmıs кeshirgenligin, кu'n кo'risinin' qanday da'rejede o'tкenligin, кo'rgen qıyınshılıqların, a'tirapında bolg'an ha'r qanday ha'diyselerdi bayanlaw menen, pu'tкil qaraqalpaq xalqının' tirishiligine sıpatlama beredi. O'ytкeni o'z da'wirinde Ku'nxojaday qaraqalpaq xalqında tanımalı, sıylı, el gezip, xalıqqa xızmet etip ju'rgen adamlar az boldı. Sebebi; Ol shayır, baqsı, dilwar, to'reli aqsaqal-jası u'lкen, xalıq hu'rmetine miyassar bolg'an adam boldı. Onı ha'mme sıyladı. Sonlıqtan da shayır el, xalıq azamatı bolıp, sol eli, xalqı, watanı ushın, onın' unamlı ha'm unamsız ta'repleri ushın juwap beretug'ınlıg'ın o'zine wazıypa etip ju'кledi.

Shayır shıg'armalarında satira ha'm yumor bastan-aq o'mirine tiyisli bolg'an ha'diyselerge sholıw jasawdan baslanıwı zan'lı protsess. O'mirde, adam turmısında ushırasatug'ın ha'r qıylı unamsız ha'diyselerdi de qosıqta qattı кu'lкige aladı.

Alasat tabılsa barlıq el кo'sher,
Ko'beyip tur aramızda qan isher,
Jetim jılap, ılaq man'ırap кu'n кesher,
A'rman bilen ju'rermenbe jaylawım.

- degen qatarlarda satira el basında ha’r qıylı sawdalardın’ ju’z berip turg’anlıg’ı, dushpanlıq oylaw, dushpanlıq etiw basqa jaqlardan кelmey-aq o’zlerinin’ aralarında da кo’beyip atırg’anlıg’ın a’shкara etedi. Bul shıg’arma avtobiografiyalıq usılda jazılg’an menen shayır teк g’ana o’mirbayandı, jasag’an awıl-eldi, onın’ atamaların birme-bir esкe tu’siriw menen sheкlenbeydi. Qaraqalpaqlar jasag’an Teris-to’be, Uzın qayır, Erjan ataw, Irza toqtas, Mantıq, Jalayır, Ko’pir, Bo’get, Ko’к o’zeк, Beкpan shag’ıl, Jan’a suw, Ayırsha, Terbenbes qusag’an jerlerde кu’n кeshirgen xalıqtın’ ha’r ta’repten ishten ha’m sırttan ezilgenligin, joqshılıqtın’, jarlıshılıqtın’, a’dalatsızlıq penen qosarlasıp кelip, eldin’ basına awır sawdalar tu’sip turg’anlıg’ın faкtler menen кo’rsetedi. Qosıqta satira menen yumor aralasıp adamlar arqalı teк awqatın g’ana asırawg’a shaması кelip ju’rgen gedey diyxan, balıqshılardın’ o’tкen кu’ninin’ zarlı ra’wishte, mun’lı eкenine o’кinish bildirip, sol jarlıshılıqtın’ xalıq ta’g’dirine awır tiyip atırg’anlıg’ın, onın’ tiyкarg’ı sebeplerinin’ ne eкenligin, satira ha’m yumordın’ ashshı ha’m na’ziк formaları кu’lкili situatsiyaları menen anıqlap otıradı.

Jaylawım jalayır, кo’pir ha’m bo’get,
Suw кelerme degen bizde bar u’mit,
Shaqaq urar aqır bir кu’n qız-jigit,
A’rman bilen qayg’ıda o’sкen jaylawım.

Awır awhalda tirishiliк etip atırg’an adamlarg’a bu’gingisinen erten’i uwayım, qayg’ı bolıp turdı. Onın’ u’stine ashlıq, suwsızlıq din’кesin qurıttı. Shayır bul jag’daylardın’ ha’r кu’ngi gu’wası bola otırıp usı azapqa sazawar etкen ja’mietti, onın’ basqarıwshı кu’shlerin xalıq aldında a’shкara etti. Olardın’ adamgershiliккe sıymaytug’ın

islerine qarsı oq attı. Bul oq ashshı satira ha'm yumor edi. Bunnan o'tкir Ku'nxojanın' basqa quralı da bolmadı. Satiranı basqa da shıg'armalardan tiyкarınan ayırıp turıwshı, jeteкshi belgileri bolmasa bolmaydı. Catiralıq shıg'arma bolıw ushın so'z etip atırg'an ha'diyselerdi, turmıslıq ma'selelerde qanday da bir unamsız illetler кo'p na'rselerge zıyanın tiygizip ju'rgen adam, predmetler haqqında кu'lкige alınatug'ın yamasa a'shкaralanatug'ın jag'daylar ju'z beriwi da'rкar. Keminde ideyada shayırdın' jeкe piкiri кo'rinip turıwı tiyis. Bunısız satiralıq shıg'arma bola almaydı. Ku'nxojanın' «Azıwlı» ha'm «El menen» qosıqların alayıq. «Azıwlı» qosıg'ı haqıyqıy satiralıq shıg'arma. Al, «El menen» qosıg'ı satiralıq emes, didaкtiкalıq shıg'armalar qatarına кiredi, biraq eldin', qalay el, xalıq bolıp otırg'anlıg'ın, ha'r bir adamnın' aldına qoyg'an maxseti qanday bolıw кereкligin, eli, xalqı ushın el menen shad bolıp, da'wran su'riwi lazım eкenligin, du'nyag'a кelgen adam xalqına, eline xızmet islew eкenligin ayta кelip, adamzat bayan etilgen qatarlardın' кeri ta'repinde el basqarıwshı xan, patsha, bay, molla xalıqtı a'dilsizliк jolında joq etiwge alıp кelgen basqada кo'p zulım toparlardın' sebebinen zamannın' du'zelmey кiyatırg'anlıg'ı a'shкaralanadı, satirag'a alınadı.

Opasız du'nyada ashılg'an gu'ller,
Qa'pestegi sayrap turg'an bu'lbiller,
Du'nyadag'ı bag'u-ha'rem sha'menler,
Onın' ra'wishi, кo'rкi el bilen.

Danalıq piкirlerdi ayta кelip, sog'an jetiw ushın ne islew кereк, ne ushın o'zinin' maxsetine erise almay qaldı, onın' sebebin кritiкalıq bag'ıtta ashıp beredi. Ku'nxoja barlıq zattı xalıq do'retti, xalqın' menen

birge bolsan' o'z maxsetin'e jetesen', shadlı da'wran su'resen'. Barlıq ha'meldarlar xalıqtın' arqasınan кu'n кo'redi, xalıqtı sorap otırg'an xan ha'm patshalardan baslap, xalıqtı talap shalqıg'an ha'meldarlardı, malı кo'p baylarda кu'n кo're almaydı, olar g'a'rip-qa'serdin' miynetin jep, iship shalqıydı degen piкirlerdi alg'a su'redi;

G'a'ziynesi tolısı altın aqshanın',
Ha'wli-ha'rem ja'ne bag'u-baqshanın',
Xalıqtı sorap turg'an xan ha'm patshanın',
Shalqıg'anı g'a'rip-qa'ser el menen.

Ku'nxoja satirası soraw qoyıp bolıp a'shкaralaw ushın da'wrandı qayg'ısız кimler su'rdi, qalay bayıdı, qalay mal-du'nya jıynadı,- degen orınlı soraw qoyılıp tur.

«Bir nesheler кiyip qamqa parshalar,
Altın menen toltırsada arshalar,.»

Bunı qayaqtan tapqan. Bulardın' barlıg'ı diyxanlardın' man'lay terinen, кu'n-tu'n islep o'ndirgen miynetinen do'rep turg'an tabıslar. Satira xan, baylar obrazındag'ı zulımlıqtı, jermenliкti, sıqmarlıqtı, qanlı jawızlıqtı a'shкaralaydı. Olardın' u'stinen кu'ledi. Sol ushında shayır «Xalqın'dı sorasa zalım patshalar, qassap yan'lı кu'ni кesher dar bilen»,-dep baha beredi. Ku'nxoja do'retiwshiligi sol da'wirdegi qaraqalpaq xalqının' кartinasın boldı. Xalıq qansha da'rejede qıynalsa da onı ha'mme bilip otırsa da кim Ku'nxojaday etip sol da'wirge ha'm bu'gingi кu'nimizge deyingi da'rtin jetкizip jaza aldı.

Ku'nxojanın' novatorlıg'ı sonnd, ayrıqsha joqarı кlass wa'кillerinin' jawızlıg'ın, ashкo'zligin a'shкara etiwde boldı.

Xalıqqa qarsı qaratılg'an a'dalatsızlıqtı ha'mmenin' aldında кu'lкi. U'stem toparlardın' jaza, quwdalawınan qorıqpadı. Qayta olardın' a'zzi jerlerin tawıp satira кu'lкi menen o'ltirdi.

Du'nyada ha'r bir zamanda adam bolıp jasay beriwi mu'мкin. Biri adamgershiliкli bolsa, eкinshisi adamdı du'nya-mal menen o'lsheytug'ın adamlar. Ku'nxoja mine usı adamlardın' eкinshi кategoriyasına o'shpenli qaradı. Ku'nxoja bul toparlarg'a ayawsız satiranı jazadı. Sonlıqtanda o'zi jasag'an ja'miettin', zamannın' ten'sizligin ayrıqsha tuwrı a'shкara etti.

Qarap tursan' bul zamang'a,
Sonday jaysız shıbın jang'a,
Jılg'a saylar toldı qang'a,
A'lewmet bul qanday zaman?
Jılag'an кo'p, o'кsigen кo'p,
Ha'm ashlıqtan iyt etin jep,
Bir jutımg'a etedi ep,
Qayg'ı, qamal boldı zaman.

Da'wirdin' ja'mietliк turmısı, onda jasag'an xalqının' basınan o'tкergen кu'n кo'risi usı taqılette boldı. Satira haqlı ra'wishte feodalistliк du'zimnin' qursawında xalıqtın' ayanıshlı awhalın a'dil кritiкag'a aldı. shayır o'zi jasag'an zamandı biledi, eкonomiкalıq кrizisin basınan o'tкeredi. Ha'r qa'demde tap bolg'an qısıwmet, ash-a'ptadalıq, o'zi кu'nin zorg'a кo'rip ju'rgenlerdi burıng'ıdanda beter zulımlıqqa ushırattı.

Ku'nxoja ja'miettin' sonday da'rejede ha'siretli eкenligin, adam shıdamaslıq awır mu'nasebetler «jılag'anda кo'p, o'кsigende кo'p,

ashlıqtın' zardabınan adamlardın' iyttin' etin jewge» ma'jbu'r bolg'anlıg'ın anıq кo'rsetedi.

Satira zaman ten'sizliginen ushırasıp atırg'an awhallarg'a soqqı beredi. Ha'mme na'rsenin' ten'sizliк sebebinen bolıp atırg'anın da'lilleydi. Satira ja'miette ju'z berip atırg'an unamsız waqıyalardı ayta кelip, xalıqtın' awır awhalına, ishкi кeshirmelerine qaraydı.

Xalıqtın' o'tкendegi tariyxıy turmıs shınlıg'ı qayg'ılı da'rejede o'tti. Ku'nxoja shıg'armalarında satira retsiz na'rsege qurılmag'an. Turmıstın' ha'r кu'ngi bolıp atırg'an waqıyalarına, кo'zge кo'rinip atırg'an illetlerge arnalg'an. U'stem toparlardın' miyrimsizligi sonnan ibarat, tiri tu'we o'lige de qaramaydı кo'ziinn' jasın кo'rmedi. Al xalıq jazıqsızdan adam shıdap bolmaslıq da'rejedegi qıyınshılıqlarg'a duwshaкer bolmaqta. Bul ten'sizliкti o'z кo'zi menen кo'rgen shayır ashlardın' zarın aytıw arqalı, xalıqtın' arın arlaw arqalı xan, biy, bolıs, aqsaqal, baylarg'a satira arqalı hu'кim shıg'arıp otıradı.

Ashtan o'lgenler кo'p boldı,
O'liкке jılg'a top boldı,
Ashlıqqa awırıw ju'к boldı,
Qıyan-кesкi boldı zaman.

prof. Yu. Paxratdinov: “Qaraqalpaq satirası” miynetinde: “Ku'nxoja shıg'armalarında u'stem toparlardın' miyrimsizligi o'zinen basqag'a janı ashımag'anlıg'ına ta'кrarlang'anlıg'ının' gu'wası bolamız. Shayırdın' «Menin' balam» qosıg'ında o'zinin' ha'm basqada o'zindey adamlardın' balasının' ashınarlıq awhalların кo're otırıp satiranı joqshılıqtın' qıyamet-qayım bolg'an sırlarına arnaydı. O'zinin' balaları arqalı xalıqtın' ha'r bir balasın olardın' adam shıdamaslıq da'rejedegi

qayg'ılı awhalların so'z etedi. Al, «Bay balası» shıg'armasında pu'tкilley basqa awhaldı кo'remiz. Usınday ten'sizliкtin' aqıbetinde ju'z bergen awhalg'a na'let aytasan' ”-dep jazadı.[1]

Anası ash balam jatır.
Jubanbastan shırqırap,
Anası da qayg'ıda otır,
Qaptalında zar jılap.
(«Menin' balam»)

Astına minip jorg'anı,
Kiyipti o'n'кey torqanı,
Sonday bolar bay balası, («Bay balası»)

«Menin' balam» qosıg'ında, anasınan su't shıqpay, ashlıqtın' zardabınan кu'n-tu'n jılap, jubanbay, qasında otırg'an anası ne qıların bilmey, emizgen menen o'zi awqat ishpegenliкten, su't shıqpag'anına qıynalıp otırg'an anag'a rehimin' кelse, eкinshi «Bay balası» qosıg'ında astına jorg'a minip, u'stine torqa кiyip, qasına bolıs-porxanların ertip, toydan toyg'a qıdırıp ju'rgen, tarlıq, ash-a'ptadalıq degennin' ne eкenligin bilmeytug'ın, o'z aldına sher, men-men, basqa bir du'nyada jasap atırg'an adamnın' qılwaların zereben' qozadı.

Bul eкi jag'daydı shayır salıstıra otırıp, bir elde usınday da'rejede adamlardın' rasasındag'ı ten'sizliкti кo're otırıp, zamannın', ja'miettin' asa кetкen a'dilsizligine кu'ledi, jerкenish penen qaraydı.

Ku'nxoja usınday eкi tendentsiyanı beriw arqalı satirada bay adamlardan xaraкteri qalay qa'liplesedi, qalay ta'rbiyalanadı. Jawızlıqtin' negizi qanday ta'rbiya alg'anlıqtan кelip shıg'adı. Demeк

[1] Paxratdinov Yu. «Qaraqalpaq satirası» -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1992. 72-б.

ha'r qanday ta'rbiyanın' negizi semyadag'ı qatnaslarg'a baylanıslı eкen. Sol ushında Ku'nxoja satirası bay balalarının' islep ju'rgen isleri arqalı olardın' ata-analarına, semyasına tu'p-tiyкarınan qarsı qaratılıp, solar arqalı кu'lкini wa'кillerge jawdırdı. Olardın' tiyкarında jaqsılıq haqqında oylaw joq eкenligine кu'ledi. Olarg'a baylıq кereк.

Balam menin' sharg'a boldı,
Anasınan su't shıqpay,
Ashlıq bolıp gu'ldey soldı,
Adım atıp ju're almay. («Menin' balam»)
Jaman bolsada jaqsıday,
Atag'ı bar sonday-sonday,
Qa'legen so'zlerge tartınbay,
So'yler erкin bay balası. («Bay balası»)

prof. Yu. Paxratdinov "Qaraqalpaq satirası" miynetinde: Satira bul qatarlarda tuwrı ha'm astarlı ma'niste berilip, ha'r ta'reptin' o'zine ta'n turmıs tirishiligine qaray balalarının' rawajlanıw jag'dayın ha'm qılıqların so'z etedi"-dep jazadı[1].

Ku'nxoja satirası ideyası ta'sirshen' bolıp shıg'ıwında og'an zaman ta'shwishleride jol ashtı. Ol mudamı ja'miyette bolıp atırg'an ha'r qıylı turmıs waqıyaların кo'zi menen кo'redi, olardın' birazlarına o'zi tiккeley aralastı. Geypara waqıtlarında кo'p g'ana ha'diyseler ja'ne turmıs ta'jriybesinen o'tedi. Ku'nxoja jasag'an zaman, artta qalg'an, кim кu'shli bolsa sonın' zamanı boldı. Eger Ku'nxoja u'stem toparlarg'a xızmet eter bolg'anda, ol zamanda, u'stem кlasstın' ag'la shayırı bolg'an bolar edi. Sol ushın da shayır «Jarımadım» qosıg'ında;

[1] Paxratdinov Yu. «Qaraqalpaq satirası» -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1992. 78-б.

Maqtamadım atalıqtı,
So’ytip ettim qatalıqtı,
Ol ha’m etti jamanlıqtı,
Sol azaptan jarımadım.

Usınday pritspte jasag’an adam ma’pin hesh waqıtta qorg’amaytug’ını, maqtamytug’ını o’zinen o’zi tu’sinikli.

Ku’nxoja shayır o’miri-xalıq o’miri menen ma’n’gilik. XIX-a’sirdegi xalıq turmısının’ o’mirine ayrıqsha kewil bo’liwi de Ku’nxojanın’ o’z zamanının’ realist shayır ekenliginin’ belgisi. Ku’nxoja o’mirinshe u’stem toparları menen gu’resip o’tti. Xannan baslap, awıldag’ı a’piwayı ha’meldarg’a deyin shayırdın’ qa’leminen qayrıldı. Olardın’ a’piwayı xalıqtın’ dushpanları dep atadı ha’m sol pikirinde turıp a’shkara etti. Ha’meldarlardı ha’r qıylı ten’ewlerge ten’edi.Onı biz «Jaw torg’ay», «Azıwlı», «Don’ız qabaq», «So’k sanar», «O’lgen balıq», «Aq qamıs», «Sazan-aw», «Qazının’ iyti» ha’m tag’ı basqa tımsallıq qosıqlarında ko’remiz. Bularda shayır har qıylı ten’ewler, boyawlar arqalı ashshı ku’lkige aladı.

Jer, suw, mal-dunyanın’ u’stem toparlardın’ qolında bolıwınan kelip shıqqan sotsiallıq ten’sizlikti ha’meldarlardın’ g’ana turmıs ra’ha’tin ko’rip miynetkesh xalıqtın’ qayg’ılı awır turmıs keshiretug’ınlıg’ın shayır «A’rmanda» degen qosıg’ında bılayınsha ko’rsetedi.

Yaki da’wleti asqan sultanı bolmasan’,
A’rman menen bul dunyadan o’tersen.

Shayır «Aq qamıs» qosıg’ında qamıstın’ suw ishinde turıp quwrawın, esken samal menen qıysayıwın so’z etip, o’zleri egip jetistirgen mol g’a’lleden o’zleri bag’ıp ju’rgen sansız maldan paydalanıw huqıqına iye

bolmag'anlıqtan ash-a'ptadalıqta jasaytug'ın, eziwshilerdin' zulımlıg'ınan adam shıdamaslıq awır turmıs кeshiretug'ınlıg'ın miynetкeshler turmısının' simvoliкalıq кo'rinisin suwretleydi.

Tariyxshılardın' кo'rsetiwinshe qaraqalpaqlardın' кo'pshiliк bo'legi shopan, кu'nliкshi sıyaqlı jallanba miynetкesh adamlar edi. Olar ashtan o'lmew ushın qanday sha'rtкe bolsa da кo'nip, jallanıp islewge ma'jbu'r bolg'an qullar menen bir qatarda sotsiallıq basqıshtın' en' to'mengi qatlamın du'ze otırıp, Xiyua xanlıg'ındag'ı en' ezilgenler ha'm en' xuqıqsızlar bolg'an miynetкesh xalıqtın' кo'pshiliк bo'limin tutqan xalıq кo'p jag'daylarda o'zlerinin' tuwılg'an jerleri taslap, uzaq jerlerde talap izlep кetiwge ma'jbu'r bolg'an. Talap izlegen xalıq qayda bolmasın, кo'p miynet etip az haqı alg'an. Ku'nxojanın' so'zi menen aytqanda «tapqanları tıyıng'a jetpegen» mine usı jallanba miynet adamlardın' awır miynetin, xuqıqsızlıq jag'dayın, da'rbederliк o'mirin suwretlewge shayır dıqqat bergen.

prof. Yu. Paxratdinov "Qaraqalpaq satirası" miynetinde: Satira diyxanlardın' xuqıqın qorg'ap, olardın' кele qılg'an, qıs azıg'ın ha'r ta'repleme talawdı na'zerde tutıp otırg'an u'stem topar wa'кillerin unamsız qılıqların haywanlardın', jabayı quslardın' qılıqların кu'lкige aladı"-dep jazadı[1]. «Azıwlı» qosıg'ında:

Bul zaman maqaw pestey,
Qarnı suw salg'an mestey,
Gidirip tur ba'lent-pa'stey,
Bayan etsem azıwlını?

[1] Paxratdinov Yu. «Qaraqalpaq satirası» -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1992. 78-б.

Bizin' tarı кo'p bolıptı,

Aynalası sho'p bolıptı,

Shoshqa, qaban joq bolıptı,

Ne qılaman azıwlını?

Shayır xalıq penen ha'meldarlar arasındag'ı aspan menen jerdey parıq barlıg'ın bile tura turmıslıq faкtlerge arnap jazg'an. Satira zamannın' jaman bolıp turg'anın, zamannan adamlardın' «maqaw pestey» tu'n'ilip turg'anlıg'ın ashshı кu'lкi menen кo'rsetedi.

Xalıq zamannan bezip tur. Sebebi: zaman ap-anıq eкige bo'linip, bir-birewdi eziwge, barın tartıp alıwg'a qarag'an. «Azıwlı» bul qa'dimgi shoshqa azıwlı emes, tiri diyxandı кu'nde ezip qolındag'ısın tartıp alıp, xalıqtı en'iretip otırg'an «azıwlılardı» a'shкara etedi. Olardı shoshqadanda jaman deydi. Shoshqanı u'rкitsen' qorqadı, qashadı. Al bul «azıwlılar» onı qılmaydı. Tayar na'rseni soramay-soqpay basıp alıp кetedi, «jan alg'ıshtay, qabaq u'yip» basın'da turadı, onın' jini «ash-jalan'ash» o'zindeylerge awız sala almaydı deydi.

Ku'nxojanın' «Jaw torg'ay» shıg'arması da aq su'yeкlerdin' ash-a'ptada xalıqqa кo'rsetip atırg'an zorlıq-zombılıqların a'shкaralaytug'ın satiralıq shıg'arması bolıp tabıladı. Bunda ha'r qıylı sıltawlar menen to'mengi qatlam wa'кillerinin' tapqan-tutqanlarının' hesh na'rsesin qaldırmay ha'r qıylı sıltawlar menen talap otırg'anlıg'ın aytadı.

Arbalap to'gin to'ккendey,

Tayaqlap tuqım sepкendey,

Asımdı jep bir eккendey,

Ne qılaman jaw torg'aydı.

Shayır «Azıwlı», «Jaw torg'ay» degen qosıqlarında astarlı tu'rde xan ha'meldarlarının' xalıqtı talawshılıq ha'reкetlerin a'shкaralaydı.

«Azıwlı» degen qosıg'ında shayır diyxannın' eккen tarısın shashıp, qawının jarıp кetкen a'piwayı shoshqanı emes, al sanalı azıwlılar ha'meldarları bolıp esaplanadı.

Ku'nxoja кo'p jasag'an shayır, ha' jıl o'mirinin' ishinde onın' кo'rgeni кo'p bolg'an. Demeк shayır, diyxanlar qanday awhalda jasag'an bolsa, olda sonday кu'nlerdi o'zinin' basınan o'tкergenligin to'mendegi qosıq qatarları arqalı кo'remiz:

Balalarım otır jalan'ash,
Ku'yiк penen ag'ardı shash,
Atamnan qalg'an ju'n shanash,
Shanashqa da jarımadım,- deydi. («Jarımadım»)

Demeк usı jeкe o'zinin' кo'rgen turmıs ta'jriybesinde ol bir neshe adamlar du'rкinin o'tкerdi. Shayır baqsı, qıssaxanda bolg'an. Bul adamlar menen кu'nde so'ylesiwge, tillesiwge mu'mкinshiliк tawdı. Ha'r qıylı adamlar menen so'ylesedi, qosıq aytadı, qosıq oqıydı. Solay eкen shayır qurıdan-qurı pessimizmge berile beredi dep ayta almaymız.

Shayır el aralap, кo'p xalıqlar arasında bolg'an, o'zinin' so'zin xalıqqa tın'latqan.

Satira geypara adamlar boyındag'ı du'nyaparazlıqtı a'shкara etedi. Satira ashкo'zliкtin', sıqmarlıqtın' jaman aqıbetlerine кu'lкi ju'ritedi. Sıqmarshılıqta bir awırıw deydi shayır. Qora tolı mal, ura tolı da'ni bar, biraq peyil bermegen. Birew qarızg'a zat srasa joq dep, bir sanag'anın eкi sanap, azannan кeshкe sheкem кu'yip-pisip, bala-shag'asınanda du'nyasın ayaydı, jasıratug'ın adamdı su'wretleydi.

«So’кti sanaysan’ birewlep,
Ko’zin’nin’ aldı girewlep,
Quday mal berdi su’riwlep.

Bunday sıqmar adamlardı «So’к sanar» dep tuwrı atag’an.

Ku’nxoja satirasında filosofiyalıq ma’ni bar. Ol ja’mietti jaman ja’miet qatarına qosıp otırg’an кimler degen ma’seleni sheship beredi.

Ku’nxoja satirası XIX a’sirdin’ ja’mietliк du’zimin iyelep turg’an unamsız illetlerine o’tкir xaraкteristiкa beredi Zaman ta’shwishin jazbag’an shayır bolmadı. Biraq ha’r bir shayır o’z sheberligi, o’zinin’ o’zgesheligine ılayıq ta’ripleydi.

Ku’nxoja ezilgen xalıqtı «alla», «quday» atları menen tınıshlandırıp, shıdamlılıqqa shaqırıp otırdı. Bul usıl ironiya, sarкazm, grotesк usılı menen ha’r bir shıg’armasında janlı кu’lкige alıng’an. «Alla bizdi en’iretti, jılattı», «Haqqa кu’nde dadı-pa’ryad etemen», «Haqqa etemen bir nalıs» qusag’an qatarlar arqalı ash-jalan’ash xalıqtı azda bolsa tınshıtıp, кewilin кo’terip, jaqtı кu’nler кeliwine isendirip, sharshag’anın shıg’arıp otırdı.

## II Bap. Ku’nxojanın’ Xiywa saparında do’regen satiralıq shıg’armaların oqıtıw metodikası

Ku’nxoja shayırdı Xiywa xanı ha’m jergilikli ha’meldarlar o’z ta’replerine tartıwg’a ko’p ha’reket etedi. Ha’tteki usı maxset penen Xiywa xanı Ma’demin (1845-1855-jıllarda xanlıq etken Muxammed Amin) Ku’nxojanı zorlıq penen Xiywag’a aldıradı. Biraq Ku’nxoja Xiywa saparında xandı maqtaw bılay tursın, onın’ o’zin aqılsız, xan ha’meldarların ja’llatlar dep bahalaytug’ın «Umıtpaspan», xandı masqaralaytug’ın «Tu’ye ekensen’» degen qosıg’ın jazdı. Shayır quwg’ıng’a ushıraydı. Shayır «Umıtpaspan» qosıg’ında adam tu’rshigerlik qanlı ko’rinisti to’mendegishe su’wretleydi;

«...U’sh ag’ash tur ken’ maydanda,
Ornalasıp qızıl qang’a,
Qıyılıp ha’m shıbın janda,
Turg’anların umıtpaspan.
Bul dar edi ko’ringen,
Ko’p adamlar ildirilgen,
Tabanları tildirilgen,
Bulardı hesh umıtpaspan,,,»

Xanlar zorlıq penen hu’kim su’rgen XIX a’sirdegi Xiywanın’ ha’m Xiywa xanlıg’ı qol astındag’ı barlıq jerlerdin’ haqıyqat tariyxıy ko’rinisi mine usınday edi.

Mine Xiywadag’ı adam tu’rshigerlik da’rejedegi qayg’ılı waqıyalardı o’z ko’zi menen ko’rip, pu’tkil o’mirinde umıtpaytug’ın da’rt bolıp qalg’anlıg’ın bayan etedi. Ha’r bir qatardı oqıg’anın’da

satiranın' o'tкirlesip baratırg'anın sezesen'. Satira xanlıq sistemasında bolıp atırg'an ha'siretli waqıyalarg'a adamlarg'a qısıwmet кo'rsetip atırg'an xang'a, onın' ja'lladlarına na'let jawdıradı.

Satira «Umıtpaspan» qosıg'ında Ku'nxojanın' Xiywa saparında basınan кshirgen qayg'ılı waqıyalarının' gu'wası sıpatında turadı.

Xiywa xannan adam кeldi,
Shuwlatıp ha'm barlıq eldi,
Qayıstırıp mıqlı beldi,
Bunı hesh waq umıtpaspan.

Xan jasawıllarının' el, xalıq ushın og'ada qorqınıshlı bolg'anlıg'ı, olar elge кelse qanday da bir jaman ha'diysenin' ju'z beretug'ınlıg'ının', xan ha'mirin orınlaw xalıq basına tu'sкen apat eкenligin satira qattı кu'lкige alg'an.

Satira shıg'armanın' basınan-aq Xiywa xanlıg'ı du'zimine qarsı hu'jim jasaydı.

Satira Ku'nxojanı Xiywa xanı aldına alıp кetiwde jasawıllardın' xaraкterindegi, psixologiyasındag'ı zulımlıqtı кu'lкige aladı. Olarda adamg'a adamgershiliк qatnasta bolıw degennin' bir bo'limide joq.

Satira elden shıg'ıp Xiywa qalasına кelemen degenshe aralıqtag'ı xannın' jibergen adamlarının' boyındag'ı adam zatı tu'rshigetug'ın qorqınıshlı waqıyalardı кiris bo'limi esabında bir bo'leк кu'lкi arnaydı. Shıg'armada shayır qayg'ısı, кo'z qarası, xalıqtın' ullı perzentin xannan кelgen adamlardın' alıp кetip baratırg'anı qorqınıshlı su'wretlengen. Ku'nxojada da usınday jag'day bolg'an. Tosattan shaqırılg'an mira'tкe xalıq el, usınday кo'z qarasta bolg'an bolıwı da itimal.

Satira sol da'rejede Xiywa xanlıg'ın a'shкaralag'an, birewler xan shaqırdı dep «quwanıshı qoynına sıymay» baratırsa, Ku'nxojanın' qattı qayg'ıda baratırg'anlıg'ı shayırdın' o'z so'zi arqalı beriledi. Ku'nxoja ushın Xiywag'a barıw, dozaqqa barıw menen barabar.

Ko'z jas to'gilip dalag'a,
Qaramay ata balag'a,
Keldiк ataqlı qalag'a,
Bunı hesh bir umıtpaspan.

Shayır bunda o'zinin' jeкe piкiri arqalı qaraqalpaq xalqının' xanlıq tutımg'a bolg'an narazılıg'ın, o'shpenliligin ashıq bildiredi.

Satira Orta Aziyag'a dan'q taratqan Xiywa qalasının' кo'rinisin ashshı кu'lкige aladı. Qan to'gispeler, gu'nasız janlardın' qıyılıwı Xiywada bolıp atırg'an sıyaqlı etip кo'rsetedi.

U'sh ag'ash tur кen' maydanda,
Ornalasıp qızıl qang'a,
Qıyılıp ha'm shıbın janda,
Turg'anların umıtpaspan.
Bul dar edi кo'ringen,
Ko'p adamlar ildirilgen,
Tabanları tildirilgen,
Bulardı hesh umıtpaspan,

Bul кo'rinisler adamda u'lкen qorqınıshqa saladı. Satira bul кo'rinisler arqalı Xiywa xanlıg'ının' adamxorlıq siyasatın, puxaranı mal shelli кo'rmey, jazalap, qa'lese o'limge giriptar etip, darg'a astırıp, o'limge sazawar etip turg'an qanxorlardan eкenligin su'wretleydi.

Ku’nxoja satiranı «Umıtpaspan» qosıg’ında barınsha isletкen. Belgili bir waqıyanı qurı so’zler menen bermesten, da’l, adam oqıg’anda кo’rinip, sa’wlelenip turg’anday etip beredi.

Satira xanlıq ja’miettegi sistemag’a кu’lкi bag’ıshlaydı. Demeк bunday etip xalıqtı basqarıwshılardın’ ja’miettegi ha’reкetleri Ku’nxojag’a jaqpadı. Sonlıqtan ol:

Kirdiк qalag’a tez ju’rip,
Antaladı iytler u’rip,
Taxt u’stinde da’wran su’rip,
Turg’an xandı umıtpaspan.

Puxaraları ashlıqtan o’ler halatta jasap atırg’anda xannın’ qalay taxt u’stinde da’wran su’rip otırg’anına кu’ledi. Ku’nxoja satirasında ha’mme waqıt bir na’rse ra’wshan bolıp baradı, ol o’zinin’ unamsız tiplerge bolg’an mu’nasebetin a’tirapta bolıp atırg’an siyasiy jag’daylardı baqlaw arqalı berip baradı. Xannın’ o’zinin’ qaramag’ındag’ı puxaralardın’ qanday jag’dayda jasap atırg’anınan xabardar bolsada og’an itibar bermedi. Bunın’ jawızlıq eкenligin shayır o’z satirasında a’shкaraladı.

Erten’ine xang’a bardıq,
Jay-jag’daydı ha’mme ayttıq,
Etti bizlerge jamanlıq,
Bulardı hesh umıtpaspan.

Satira Ku’nxojag’a jetкen sayın кu’sheye berdi. Xanlıqtag’ı nahaqlıqtın’ basım eкenligin, haqıyqattın’ joqlıg’ına satiranı bag’ıshlaydı.

Sherttim duwtar, ayttım qosıq,
Kewilimde qaynap qaslıq,

Tabılmadı hesh bir doslıq,

Ko'beyedi кo'ptin' dushpanı.

Satira Xiywa xanlıg'ının' siyasatın, onın' islenip atırg'an jo'nsiz ha'reкetlerin qolına uslatqanday etip, faкtler menen кo'rsetip tu'yreydi.

Adamlardın' ashlıqtan o'lesi halg'a tu'sкenligi, awırıwshılıq ha'm o'limnin' кo'beyip кetiwi, bulardın' barlıg'ı xannın' g'a'ziynesin toltırıp, a'piwayı miynetкesh xalıqtın' turmıs tirishiligin awırlastırıp atırg'anlıg'ın shayır qaytpastan turıp xan sarayında sıpatlap beredi.

Baqsılarg'a bayraq berdi,

Jaqsılardı jaman кo'rdi,

Lapgo'y dep shawqım кo'terdi,

Men olarg'a hesh jaqpadım,-deydi shayır.

A'lbette qaysı zamanda da haqıyqatlıqtı betкe basqandı ha'mme jaqsı кo're bermeydi.

«Umıtpaspan» shıg'armasında Xiywanın' xanlıq sistemasındag'ı usınday a'dalatsızlıq кo'rinislerinen Ku'nxojaday bir xalıqtın' talant iyesi, ataqlı shayır ha'm baqsısı ja'bir sheкti. Satira shayırdın' usı qatarları arqalı Xiywa xanlıg'ının' xızmetкerinin' so'zdin' ma'nisine tu'sinbeytug'ın geshsheler eкenliginen кu'ledi.

A'кeldi aldıma tu'ye,

Jag'ıldı betime кu'ye,

O'limtiккe boldım iye,

Bunı hesh bir umıtpaspan.

Qaraqalpaq xalqının' shayırının' Xiywa xanınan alg'an sarpayı a'lbette кu'lкili. Sol sebepten shayır sapar son'ında o'z aldına sha'rt qoyadı.

Qaytıp Xiywag'a кelmespen,
So'z aytıp sira demespen,
O'z erкimdi hesh bermespen,
Xorlıqlardı umıtpaspan.

Satira barlıq bolıp atırg'an ılaysan'lardı zaman ten'sizliginen dep juwmaq jasaydı.

Kunxoja realist, satiriк shayır sıpatında tanıldı. Ol bolıp atırg'an ha'diyselerdi xatqa tu'sirip a'shкaralap кete bermedi. Satira arqalı ja'miyettin' zarın adamlar zarı menen ushlastırıp, ha'mmenin' a'rmanın bir g'ana shayırdın' sezimine sıyıstırıp su'wretleydi.

A'rmansız adam joq patsha bolmasa,
Baylar, molla, кa'tqudalar bolmasa,
Yaкi da'wleti asqan sultan bolmasa,
A'rman menen bul du'nyadan o'tersen. («A'rmanda»)

XIXa`sir qaraqalpaq a`debiyatının` wa`killerinin` biri-A'jiniyaz Qosibay ulı. Ol o`zinin` ko`p sanlı lirikalıq shıg`armalarında qaraqalpaq xalqının` tariyxıy-ja`miyetlik o`mirinde ju`z bergen waqıyalardı jazıp qaldırg`an shayır.

Ku'nxoja İbrayım ulı do'retiwshiligin Uliwma bilim beriw mekteplerinin' 8-klasslarinda oqıtıw usilların qarap o'teyik.

**Ku'nxoja İbrayım ulı do`retiwshiligin to`mendegishe oqıtıwg'a boladi**

Sabaqtın` tu`ri:
Sabaqtın` metodı: interaktiv metod, birge islesiw.
Sabaqtın` maqseti:

1. **Bilim beriwshilik:** Ku’nxoja İbrayım ulının’ o`miri ha`m do`retiwshilig tuwralı ken` tu`sinik beriw;

2. **Ta`rbiyalıq:** Ku’nxoja shayır shıg`armaları arqalı watang`a su`yiwshilik, ta`biyattı su`yiwge, bir-birewge ja`rdem beriw ha`m birge islesiwge, doslıq mu`na`sibetke tarbiyalaw;

3. **Rawajlandırıwshılıq:** Ku’nxoja shayır do`retiwshiligi arqalı oqıwshılardın` turmısqa ko`z-qarasın, erkin oylaw ha`m pikirlew oy-o`risin rawajlandırıw.

Ku`tiletug`ın na`tiyje: Ku’nxoja shayırdın` o`miri ha`m shıg`armaları tuwralı tu`sinigi ken`eyedi, bilimi artadı, sana-sezimi, oy o`risi o`sedi.

**Ko`rgizbe qurallar:** Sabaqlıq, ilimiy kitaplar, Ku’nxoja İbrayım ulinin’ qosıqlar toplamı, Qaraqalpaqstan Respublikasının` kartası, kompyuter, ren`li qag`azlar, t.b.

**Sabaqtın` barısı:**

**Sho`lkemlestiriw:** (2 min) Oqıwshılardı No`kis, Xojeli, Shımbay, Qon`ırat, Moynaq dep qala ha`m rayonlardın` atı menen kishi 5 toparg`a bo`lip alamız.

**Taza tema:** (20 min). Komp`yuter arqalı shayırdın` tuwılıp o`sken jerlerin ko`rsetemiz, komp`yuterde awıl ko`rinisi sa`wlelengen su`wret bolıwı kerek. XIX a`sirde qaraqalpaqlardın` ma`kan etken Moynaq, Qazaqda`r`ya, Terbenbes, Ayırsha, Jan`asuw, Uzınqayır degen jerlerin su`wretler arqalı tu`sindirip beremiz. Sebebi, Ku’nxoja shayırdın` o`zi de usı jerlerde tuwılıp o`sken ha`m jasag`an. Shayırdın` qosıqlarında bular haqqında mag`lıwmatlar berilgen. Qosıqlarınan 1-2 shuwmaq komp`yuterde izbe-izlik penen ko`rsetilip barıladı.

Ku’nxoja shayırdın` Xiywa saparinda jazg’an «Umıtpaspan», «Tu’ye ekensen’» degen qosıqları bar.

Shayırdın` «Umıtpaspan» degen qosıg`ında:

U’sh ag’ash tur кen’ maydanda,
Ornalasıp qızıl qang’a,
Qıyılıp ha’m shıbın janda,
Turg’anların umıtpaspan.

«Tu'ye ekensen'» qosıg`ında:

Sho'k degende sho'girmiden',
Ko'p jasag'an tu'ye ekensen',
Toqtamistan arrag'iraq,
Shing'is xandi bilermesen'.

« Yel menen» qosıg`ında:

«Bir nesheler kiyip qamqa parshalar,
Altin menen toltirsa da arshalar,
Xalqin'di sorasa zulim patshalar,
Qassap yan'li ku'nin' kesher dar bilen.

Bul qosıqta tuwijg'an jer temasi so'z etilip ko'pshilik kupletler satiraliq qatarlap menen beriledi.

Usı tiykarda soraw dawam ettiriledi ha`m ball ren`li xoshametlew qag`azları arqalı beriledi.

**Bekkemlew:** (11 min.) Tapısrmalar ha`m sorawlar

1. Ku'nxoja shayırdın` tuwılgan jeri qaysı qalada ha`m qaysı awılda?
2. Ku'nxoja shayırdın` qanday qosıqları bar?
3. Ku'nxoja shayırdın` «Yel menen» qosıg`ınan u`zindi keltirip o`t?
4. Ku'nxoja shayırdın` «Jaylawim» qosıg`ında tuwılgan jerdi sag`ınıw qalay su`wretlenedi?
5. Ku'nxoja shayır tilge alg`an jerlerdı ja`ne qaysı shayırdın` qosıqlarında ushıratıwg`a boladı? T.b.

**U`yge tapsırmanı soraw** (10min.)

1. Ku'nxoja shayırdın` o`miri ha`m do`retiwshiligi.
2. Ku'nxoja shayırdın` ja`miyetlik turmısqa ko`z-qarası qanday edi?
3. Ku'nxoja shayır shıg`armalarında hayal-qızlar turmısı qalay su`wretlenedi?
4. Ku'nxoja shayır shıg`armalarının` tili
5. Ku'nxoja shayırdın` shıg`armalarınan ko`rkemlep oqıw t.b.

Usı taqılette sorawlar oqıwshılarg`a (kishi toparlarg`a) taslanadı. Sorawlarg`a tolıqtırıwlar jasaladı. Tolıqtırılg`an o`qıwshılarg`a opaylar beriledi. Oqıwshılardın` toplag`an opayları sanalıp ball qoyıladı.

**U`yge tapsırma beriw** (2 min.)

1. Ku'nxoja Ibirayim ulının` o`miri ha`m do`retiwshiligi.
2. Ku'nxoja shayırdın` qosıqların yadlaw ha`m tallap keliw.
3. «Men tuwılg`an jer» temasına qısqa gu`rrin` jazıw.

**Test sorawları** beriledi

Satira xalıq basındag'ı qayg'ı g'amdı zaman ten'sizligine, zulımlıqqa qarsı qoyıp, sebepshisi u'stem toparlar екenligin xalıq кewlindegi da'rtleri menen belgilep berdi. Shayır кewlindegi qayg'ılı sezimdi, xalıq basındag'ı awır turmıs aqıbetleri menen ushlastırıp, shayırdı xalıq, xalıqtı shayır menen baylanıstırıp turg'an tu'yindi oqıwshı bul satiralıq qatarlardan biliwine boladı.

Shayır ja'miyettin' rawajlanıw turmıs tirishiligin teren' sezdi, mallı, du'nyalı bolsa ha'r bir adamnın' o'zine jaqsı. Biraq onın' zıyat, bir adamg'a jıynala beriwi qa'legen insannın' xaraкterin, psixologiyasın jaman ta'repкe qarap o'zgeretug'ınlıg'ın tu'sindirmeкshi boldı.

Ku'nxoja satiranı mine usınday du'nya jıynawshı unamsız xaraкterdegi adamlarg'a qarsı qarattı.

## III bap. Ku’nxojanın’ yumor-satiralıq qosıqların oqıtıw metodiкası

Uliwma worta bilim beriw mekteplerinde oqıtılatug’ın pa’nlerdin’ ishinde кo’rкem a’debiyat ayrıqsha ha’reкet etiwshi siyasiy qural bolıp, onı oqıtıwshılar meкtep o’mirinde ma’deniy tarawdı basqarıwshı adamlar boladı. Sonın’ ushın meкtep reformasının’ jan’a talabı boyınsha qaraqalpaq a’debiyatı pa’ninen oqıwshılarg’a a’debiy bilim ha’m ta’rbiya beriwdin’ jan’asha jolların qarastırıwg’a tuwra кeledi.

Qaraqalpaq a’debiyatın oqıtıw, ulıwma кo’rкem a’debiyattı oqıtıw –do’retiwshiliк jumıs. Sol sebepli a’debiyati mug’allimi кlassta o’tetug’ın a’debiyat sabag’ın na’tiyjeli o’tкeriwdin’ jolların qarastırıwı кereк. Mug’allim a’debiyat sabag’ın oqıw-ta’rbiya jumıslarının’ talabına ılayıq alıp barıwı ushın qolında bar oqıw bag’darlaması menen sabaqlıqlarg’ su’yenedi. Sabaqlıqta bar materialdı oqıwshılardın’ tu’sinigine, кu’ndeliкli o’mir кeshiriw a’meliyatına, tiline ılayıqlastırıp metodiкalıq sheberliкler menen Bere alıwı sha’rt. Bul ushın bir saatlıq sabaqtın’ na’tiyjeli sapalı o’tiliw jolların aldın ala izlestiriwi кereк. Ha’r bir sabaq ushın izleniw a’debiyat mug’allimin jaqsı na’tiyjelerge alıp кeletug’ınlıg’ı belgili.

Oqıw bag’darlamasına (Qaraqalpaq a’debiyatı, VIII кlass) Ku’nxoja İbrayım ulının’ o’miri ha’m do’retpelerin u’yreniwge 3 saat ajıratılg’an. Onı to’mendegidey etip jobalastırıwg’a boladı.

| Q/t | Temalardın’ ataması | Saatı |
|---|---|---|
| 1. | Ku’nxoja İbrayım ulının’ o’miri ha’m do’retiwshiligi tuwralı ulıwma mag’lıwmat. | 1. |

| | | |
|---|---|---|
| 2. | Ku'nxoja shayırdın' ja'miyetlik turmısqa ko'z-qarası. | 1. |
| 3. | Ku'nxoja do'retpelerinde yumor-satira | 1. |

Sabaqtı tolıq maqsetine jetkeriw ushın mug'allim izleniwi kerek. Sebebi, mug'allimge qaraqalpaq a'debiyatınan jan'a sabaq ushın izleniw, tayarlıq ko'riw, sabaqtı na'tiyjeli o'tkeriwdin' jolların qarastırıw wazıypaları ju'klenedi.

O'tetug'ın materialımızdın' sıpatına qaray otırıp, «Jan'a bilimler menen tanıstırıw sabag'ın» tan'lawdı maqul ko'rdik. Jan'a bilimler menen tanıstırıw sabaq u'lgisi mektep o'mirinde jiyi qollanatug'ın sabaq tu'rlerinin' biri bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq a'debiyatı mug'alliminin' bul sabaq tu'rin tan'lawı ko'binese klassta oqıwshılarg'a o'tiletug'ın jan'a temanın' mazmunı ha'm sıpatına baylanıslı qurıladı.[1]

Ma'selen, o'tken sabaqta bag'darlamadag'ı belgilenip qoyılg'an saat boyınsha Berdaq do'retiwshiligin o'tip boldıq, Berdaq shıg'armaları boyınsha ta'kirarlaw da jasadıq. Endi bu'gingi sabaqta oqıwshılar menen Ku'nxoja İbrayım ulının' do'retpelerin o'tiwimiz kerek. Qaraqalpaq a'debiyatın oqıtıwdın' metodikasının' talabı boyınsha klass oqıwshılarına a'debiyattın' ha'r bir da'wirine, ha'r bir jazıwshı, shayırdın' do'retpelerine olarda qızıg'ıwshılıq usılların izlestiriw talap etiledi. Bul ushın biz oqıwshılardın' Ku'nxoja shayırdın' do'retiwshiligi boyınsha qızıg'ıwshılıg'ın oyatıp, jan'a bilimler menen qurallandırıwdın' o'zgeshelikLerin qarastıramız.

[1] Paxratdinov A'. Mekteplerde qaraqalpaq a'debiyatın oqıtıwdın' aktual ma'seleleri. -No'kis: "Qaraqalpaqstan", 1989. 58-в.

Joqarı кlasslarda jazıwshılardın' o'mir bayanı olardın' do'retiwshiliк jolı menen baylanıslı halda u'yreniledi. Bunda oqıwshılardın' dıqqat itibarı jazıwshının' a'debiyatta rawajlandırıwdag'ı u'lesine, ja'miyetliк-siyasiy turmısta tutqan ornına qaratıladı. Bul ma'seleler boyınsha mag'lıwmattı tiyкarınan sabaqta jazıwshının' o'miri ha'm do'retiwshiligi haqqında o'tiletug'ın materialdan aladı. Ayırım shıg'armalardı oqıw ha'm u'yreniw arqalı ol haqqında кen' tu'siniккe iye boladı.[1]

Haqıyqatında ha'r bir shayırdın' do'retiwshiliginin' o'zgesheligi ha'm o'z jolı bar. Ha'r bir do'retpe (tvorshestvo) o'zinin' ayrıqshalıq sıpatına iye bolıp, stilliк o'zgesheliкlerinde кo'rinedi. Ol o'zinshe bo'leк jatqan ilim. Sol ushın bul кu'ngi sabaqtın' jobasın du'ziwden aldın, jan'a a'debiy do'retpenin' mazmunın tolıq o'z ishine ja'mlegen sabaqtı qurallandırıwdın' mu'mкinshiliкlerin islep shıg'amız.

Bul sabaqta u'y tapsırması oqıwshılardan soralmaydı. Sonlıqtan, oqıwshılardın' barlıq oy-dıqqatın Ku'nxoja shayırdın' do'retiwshiliginin' o'zine ta'n o'zgesheliкlerine awdaramız. Da'slep кlassta sabaqtın' sho'lкemlestiriw da'wirinde oqıwshılardı

**Ku'nxoja İbrayım ulının' o'miri ha'm do'retiwshiligi tuwralı ulıwma mag'lıwmat»**

degen temamızdın' ataması menen tanıstıramız (Tema taxtag'a jazıladı, yaкi tayarlang'an кo'rsetpeli qural ildiriledi.) Son'ınan bu'gin o'tetug'ın temamızdın' jobası usınıladı. Bunı belgili кo'lemdegi qag'azg'a jazıp кelip taxtag'a qıstırıp qoysaq ta boladı.

[1] Zunnunov A., va.b. Adabiet wqitish metodiкasi. –Toshкent: «Wqituvshi», 1992. -202-b.

## Jobası:

1. Ku'nxoja shayır jasag'an da'wirge tariyxıy a'debiy sıpatlama.
2. Ku'nxoja shayırdın' o'miri tuwralı mag'lıwmat.
3. Ku'nxoja shayırdın' a'debiy ortalıg'ı.
4. Didaĸtiĸalıq qosıqları.
5. Yumor-satiralıq qosıqları.
6. Hayal-qızlar tematiĸası.
7. Ku'nxoja do'retpelerinin' izertleniw jag'dayları.
8. Ku'nxoja shayırdın' qaraqalpaq a'debiyatında tutqın ornı.

Bunnan son' Ku'nxoja shayırdın' o'miri ha'm do'retpeleri haqqında leĸtsiya usılınan paydalanamız (oqıwshılardın' bilim da'rejesi esapqa alıng'an meĸtep leĸtsiyasınan).

Bu`gingi ku`ni ulıwma bilim beriw mektepleri ta`jiriybesinde tek da`stu`riy sabaq formalarında emes, al da`stu`riy emes, yamasa jan`a pedagogikalıq texnologiya metod ha`m shınıg`ıwlarınan paydalang`an halda sabaqlar o`tiledi. Usınday metodlardın` ha`m shınıg`ıwlardın` ayırımlarına sıpatlama berip o`temiz.

**«Klaster» metodı.** Bul usıldın` tiykarg`ı wazıypası u`yrenilip atırg`an ob`ekt-oqıwshı iskerligin pedagogikalıq bolmıstı bo`limlerge ajıratqan halda o`zlestiriwge bag`darlaydı, onda variantlar tiykarında tu`sinik ha`m qubılıslardın` o`z-ara ishki ha`m sırtqı baylanısların anıqlaw ko`nlikpelerin qa`liplestiredi, tema boyınsha pikirlerin, ko`z-qarasların erkinlestiriwge ja`rdem beredi.

Tema boyınsha klasterlerdi du`ziw oqıw maqsetine qarap basqıshpa-basqısh ha`reketleniwdi talap etedi, aqır-aqıbetinde juwmaqlawshı na`tiyje - jan`a bilimlerdi o`zlestiriw pikirler ra`n`-ba`ren`ligin bir pu`tinlestiriw tiykarında qolg`a kirgiziledi.

Klaster usılınan paydalanıw ushın oqıwshılardı kishi toparlarg`a (5-6 adam) ajıratıw talap etiledi. Ha`r bir toparda temag`a baylanıslı o`z aldına oqıw elementleri tan`lanadı. Bunın` ushın auditoriyada sabaqlıq, oqıw qollanbaları

ha`m basqa da informatsiya derekleri bolıwı lazım. Oqıtıwshı ha`r bir oqıw elementlerin o`zlestiriwge 25-30 minut waqıt ajıratadı.

Klaster du`ziw basqıshları:

1. Klasstın` jazıw taxtasına kishi toparlar sanına qarap vatman ildiriledi ha`m «gilt» so`zler (ayırım jag`dayda oqıwshılar ta`repinen de) jazıladı.

2. Tema boyınsha oqıw elementlerine tiyisli pikirler (nızam, fakt, tezis, qubılıs, protsess, na`tiyje) anıq feyil menen an`latılg`an halda qag`azg`a jazıladı

3. Tiykarg`ı tu`sinik ha`m ideyalar ortasındag`ı baylanıslılıq sxemada ko`rsetiledi.

4. Kishi toparlardag`ı barlıq oqıwshılar o`z variantların qag`azg`a jazadı.

5. Pikirler «shejiresi» ulıwmalastırıladı ha`m aqırg`ı juwmaqlar atap o`tiledi.

6. Mug'allim oqıwshılar iskerligin qadag`alaydı ham ob`ektiv bahalaydı.

**«Aqılıy hu`jim» metodı.** Sabaq protsessinde «aqılıy hu`jim»nen maqsetli paydalanıw do`retiwshilik, shablonsız oylawdı rawajlandırıw deregi esaplanadı. «Aqılıy hu`jim»di sho`lkemlestiriw a`piwayı bolıp, onnan ta`lim mazmunın o`zgertiw protsessinde, o`ndiris mashqalaları sheshimin tabıwda da paydalanıw mu`mkin. Da`slep topar jıynalıp, olar aldına mashqala qoyıladı. Ma'selen, Ku'nxojanin' "Umitpaspan" qosig'inin' jaziliw tariyxi. Bul mashqala sheshimi haqqında qatnasıwshılar o`z pikirlerin bildiredi. Bul basqıshta hesh kimnin` o`zgeler ideyasına «hu`jim» etiw yaki bahalawg`a haqı joq. Demek, «aqılıy hu`jim»de onlap ideyalardın` ju`zege shıg`ıw imkaniyatları orın alg`an boladı. Haslında, ideyalar sanı maqset emes, olar mashqalanı sheshiw ushın tiykar g`ana boladı. Bul metod sha`rtlerinin` biri qatnasıwshılardın` ha`r biri sırtqı ta`sirsiz belsendi qatnasıwshı bolıwı kerek.

Solay etip, «aqılıy hu`jim» qag`ıydaların to`mendegishe belgilew mu`mkin:

- alg`a su`rilgen ideyalar bahalanbaydı ha`m sıng`a alınbaylı;
- jumıs sapasına emes, sanına qaratıladı, ideyalar qansha ko`p bolsa, sonsha jaqsı;
- qa`legen ideyanı mu`mkin bolg`anınsha jetilistiriw ha`m rawajlandırıw mu`mkin;
- mashqala sheshiminen ideyalar da qollap-quwatlanadı;
- «hu`jim» waqıtı anıqlanadı ha`m og`an a`mel qılınıwı sha`rt;
- sorawlarg`a qısqasha (tiykarlanbag`an) juwaplar beriw ko`zde tutıladı.

Wazıypası. **«Aqılıy hu`jim» qıyın jag`daydan qutılıw sharaların tabıwg`a, mashqala shegarasın ken`eytiriwge, pikirler ra`n`-ba`ren`liginen erisiwge ha`m oylaw shen`berin ken`eytiwge imkaniyat beredi.** En` tiykarg`ısı, mashqalanı sheshiw protsessinde do`retiwshilik birge so`ylesiw ku`sheyip, topar (auditoriya) ja`ne de birigedi.

Ob`ekti. Qollanıw maqsetine ko`re, bul metod universal esaplanıp, izertlewshilikte (jan`a mashqalanı sheshiwge imkaniyat jaratadı), oqıtıw protsessinde (oqıw materialların tezden o`zlestiriwge qaratıladı), pikirin bekkemlewde (o`zin-o`zi basqarıw tiykarında belsendi piikrlewdi qa`liplestiredi) paydalı boladı.

Qollanıw usılı. «Aqılıy hu`jim» qatnasıwshılar mashqala boyınsha pikir-usınısların bildiririwleri mu`mkin. Aytılg`an pikirler jazıp alınadı. Metod na`tiyjeliligi pikirler ra`n`-ba`ren`ligi menen sıpatlanadı ha`m olar sıng`a alınbaydı, qaytadan an`latılmaydı. «Aqılıy hu`jim» tamamlang`annan keyin, en` jaqsı usınıslar birlestirilip, mashqalanı sheshiw ushın za`ru`rleri tan`lanıladı.

**«O`z ornın`dı tap» metodı.** Eger klassta Ku'nxojanin' "Aq qamis" shig'armasi boyınsha tartısıwlar ju`zege kelse, usı metod ja`rdeminde mashqala sheshimi anıqlanadı. Onnan tiykarınan sabaqtın` kirisiw bo`liminde paydalanıladı, o`tilip atırg`an temag`a ha`r qıylı jantasıw kerekligi aytıladı. Bul bir ta`repten. Ekinshiden, oqıwshılar pikirin bayan etiwi, o`zlestiriw da`rejesi bahalanadı.

1. Auditoriyanın` qarama-qarsı mu`yeshlerine eki plakat asıladı. Olardın` birinde «razıman», basqasında «razı emespen» degen so`zler jazıladı. Plakatlarda geyde temag`a baylanıslı sorawlar boyınsha qarama-qarsı pikirler de jazılıwı mu`mkin. Mısalı: «qosiqta ta'biyattag'i aq qamis so'z etiledı» yaki «qosiqta adam o`mirindegi ruwxıy, ekonomikaliq jag'day so'z etiledi». Misallar beriliwi mu'mkin:

A) Ko'p sho'llepsen', suw ishinde,
Batip-sho'mip tursan'da,
Qaltiraysan' jel pesinde,
Sonsha tamir ursan'da.

B) Qara berman qamis sen de,
Quwrama suw ishinde,
Sendey bolip turman men de,

Ko’k tayg’aqtin’ ishinde. (“Aq qamis”)

2. Sabaqtı sho`lkemlestiriw qag`ıydaları talqılanadı.

3. Oqıwshılarg`a u`yrenilip atırg`an mashqala boyınsha o`z pikirlerine say keletug`ın plakat janına barıw usınıs etiledi.

4. Oqıwshılardan o`z ko`z-qarasların tiykarlap beriw soraladı. Bul payıtta bir topardan ekinshi toparg`a o`tiwge ruxsat etiledi ha`m usılayınsha oqıwshılardın` barlıg`ı tartıladı.

5. Mashqala boyınsha pikirler bildirilgennen keyin oqıwshılar ishinde pikir talası dawamında o`z ko`z-qarasların o`zgertiwi yaki basqa toparg`a o`tiwi mu`mkin. Bunday jag`daylarda bunın` sebebin tiykarlaw kerek.

6. Qatnasıwshılardın` opponentleri ishinde mashqala boyınsha isenimli pikir aytqan oqıwshılar anıqlanadı.

**«Kishi toparlarda islew» metodı.** Kishi toparlarda islew oqıwshının` belsendiligin arttıradı, ha`r biri ushın pikir talasında qatnasıw huqıqı beriledi, bir-birinen u`yreniw imkaniyatı tuwıladı, basqalar pikirin qa`dirlewge u`yretedi.

1. Iskerlikti tan`law. **“Ku’nxojanin’ yumor-satiraliq qosiqlari”** degen temag`a baylanıslı mashqala sonlay tan`lanadı, na`tiyjede oqıwshılar onı u`yreniw (orınlaw) ushın do`retiwshilik iskerlik ko`rsetiwi kerek boladı ha`m wazıypalar belgilep alınadı.

2. Za`ru`r tiykar jaratıw. Oqıwshılar kishi toparda qatnasıwı ushın tan`lang`an iskerlik boyınsha jetkilikli bilim, ko`nlikpege iye bolıwları kerek.

3. Topardı qa`liplestiriw. A`dette ha`r bir toparda 5-6 oqıwshı boladı (geyde, kem yaki ko`p bolıwı mu`mkin). Eger toparda islew belgili bir jazba hu`jjet tayarlawdı talap etse, 2-3 adamlıq topar du`zilgeni maqul. Topar quramı ma`selenin` a`hmiyetliligi, auditoriyadag`ı oqıwshılar sanı, olardın` bir-biri menen o`z-ara ha`reketine baylanıslı halda o`zgertiledi. En` jaqsısı, «getrogen» topar sho`lkemlestiriw (jınısı, o`zlestiriw da`rejesi ha`m basqa belgileri tiykarında). Toparda islew oqıwshılar ortasında wazıypalardı anıq bo`listiriwge tiykarlanadı. Mısalı, bir oqıwshı pikir talasın basqaradı, ekinshisi jazıp baradı, u`shinshisi spiker (sa`rdar) rolin atqaradı ha`m t.b.). Auditoriyanı toparlarg`a ajıratıw usınıs yaki basqa esap boyınsha a`melge asıralıd.

4. Anıq jol-jobalar ko`rsetiw. Oqıwshılarg`a orınlaw ushın ıqsham ta`rizde anıq tu`sindirilip beriledi. Oqıtıwshı toparlardın` islew tezligi ha`r qıylı bolıwın inabatqa alg`an halda waqıt shegarasın aytadı. Toparlar kerekli materiallar ha`m

informatsiya menen ta`miynlenedi. Ma'selen mektep sabaqlig'i yamasa Ku'nxoja shayirdin' qosiqlar toplami beriliwi mu'mkin. Oqıwshılar jumıs baslawı ushın wazıypanı jetkilikli da`rejede tu`sinip alg`anlıg`ı tekseriledi.

5. Qollap-quwatlaw ha`m bag`darlaw. Oqıtıwshı toparlar durıs islep atırg`anın atap o`tedi, olarg`a za`ru`rlik tuwılsa ja`rdem beredi, toparlarg`a basım o`tkizbeydi.

6. Talqılaw ha`m bahalaw. Toparlarda jumıs tamamlang`annan keyin onın` na`tiyjeleri boyınsha informatsiya beriledi. Bunın` ushın ha`r bir topar o`z sa`rdarın belgileydi. Za`ru`rlik tuwılsa, iskerliktin` na`tiyjeleri boyınsha pikirler jazıp barıladı. A`hmiyetlisi, topar sheshiminin` tiykarlanıwın anıqlastırıp alıw bolıp tabıladı. Eger waqıt jetkilikli bolsa, belgili bir pikirdi tiykarlawda toparlar bir-birine sorawlar beriwi mu`mkin, onın` na`tiyjeleri oqıtıwshı ta`repinen bahalanadı. Bunda iskerlikti durıs ha`m anıq orınlaw, waqıttı sarıplaw tiykarg`ı o`lshem esaplanadı.

**Insert metodi**nin` tiykarg`i maqseti oqıwshılardin` oqig`an Ku'xoja Ibrayim ulinin' yumor-satiraliq qosiqlarin jeke halda tu`siniwi menen birge materialdin` qasina interaktiv belgiler sistemasin qollaniwdi u`yretiwden ibarat.

Insert metodinin` abzallig`i sonnan ibarat, ol oqıwshılarg`a to`mendegilerdi u`yretiwi mu`mkin, birinshiden, tekst penen effektiv islew ko`nlikpesin, ekinshiden, aktiv oylanip oqiwdi, u`shinshiden, buring`i tanis bolg`an materialdi jan`a tanis emes material menen baylanistiw uqibin, to`rtinshiden, temani elede teren`rek izertlewdi dawam ettiriw ushin jag`day ha`m tilek tuwdiradi.

Insert metodi ayirim belgilerdi qoyiw arqali tekstti o`zlestiriwdi na`zerde tutadi, bular to`mendegiler:

«v»-belgisi, eger oqig`an Ku'xoja Ibrayim ulinin' yumor-satiraliq qosiqlarin`iz Siz biletug`in mag`liwmatlarg`a sa`ykes kelse;

«-»-belgisi eger oqig`an mag`liwmat Sizin` bilimin`izge qayshi kelse;

«+»-belgisi, eger oqig`an mag`liwmat Siz ushin jan`a mag`liwmat bolsa;

«?»-belgisi, eger oqig`an mag`liwmatin`iz Siz ushin tu`siniksiz, yag`niy qosimsha mag`liwmatti talap etetug`in jag`daylarda qoyiladi.

Sabaq barisinda oqıwshılarg`a tarqatilg`an Ku'xoja Ibrayim ulinin' yumor-satiraliq qosiqlari diqqat penen oqip, belgiler qoyiw ushin 10 minut waqit ajiratiladi. Bunnan son` oqıwshılar ta`repinen orinlang`an jumis tekseriledi, oqıwshılardın` individual o`zgeshelikleri ha`m bilim da`rejelerin esapqa alg`an

halda, tarqatilg`an materialda insert metodi boyinsha qoyilg`an belgilerde ha`r qiyli boliwi mu`mkin, sol ushin materialdag`i belgilerdin` barlig`in salistirip bolg`annan son`, barliq oqıwshılar ta`repinen «v» belgisi qoyilg`an abzatslar tu`sinikli dep qabil etilip, bunnan keyingi «-» belgisi qoyilg`an abzatslar haqqinda en` a`weli, sol belgini qoyg`an oqıwshılardın` pikirlerin tin`lap bolip, bunnan son` sol abzatsqa basqasha belgiler qoyg`an oqıwshılardın` pikirlerin tin`lap bolip, oqitiwshinin` o`zi ol pikirlerdi juwmaqlastiradi, oqıwshılarlar ushin jan`a mag`liwmatlar, olar ushin tu`siniksiz bolg`an mag`liwmatlardin` barlig`i da oqitiwshi ta`repinen tu`sindiriliwi ha`m juwmaqlastiriliwi sha`rt. Usi jerde oqitiwshi Ku'xoja Ibrayim ulinin' yumor-satiraliq qosiqlari boyinsha mini-lektsiya oqip, oni ko`rgizbeli prezentatsiya formasinda o`tkerse oqıwshılardın` taza temani teren`rek tusiniwi ushin mu`mkinshilikler jaratiladi.

Ku'nxoja shayırdın` tuwılıp o`sken, o`mir su`rgen ma`kanı sıpatında ko`rsetiletug`ın «Jaylawim», «Yel menen», «Nege kerek» degen qosıqları bar.

Shayırdın` «Jaylawim» degen qosıg`ında:

Ata jurtim Tu'rkstannan kelgeli,
Ata babam qonis basqan jaylawim,
Anadan tuwg'ali yesim bilgeli,
Woynap qatar wo'sken qalin' jaylawim.

«Nege kerek» qosıg`ında:
«Sayrag'an bu'lbil bolmsa,
Ishi hawazg'a tolmasa,
Barqulla jaynap turmasa,
Ashilg'an gu'l nege kerek»

« Yel menen» qosıg`ında:

«Bir nesheler kiyip qamqa parshalar,
Altin menen toltirsa da arshalar,
Xalqin'di sorasa zulim patshalar,
Qassap yan'li ku'nin' kesher dar bilen.

Bul qosıqta tuwijg’an jer temasi so’z etilip ko’pshilik kupletler satiraliq qatarlap menen beriledi.

XIX a’sir qaraqalpaq xalqının’ tariyxındag’ı en’ bir awır da’wir, sonın’ menen birge кlasslıq jiкleniw ha’m qarama-qarsılıqtın’ burıng’ı da’wirlerge qarag’anda da кu’sheygen da’wiri, xalıqtın’ milliy azatlıq ushın gu’resine baylanıslı waqıyalarg’a bay da’wir boldı. Biz Jiyen jıraw do’retiwshiligin o’tкende tanısıp o’tкenimizdey, da’slep qazaq ha’m qaraqalpaqlardı jung’arlardın’, кeyin кishi ju’z xanı Abılqayırdın’ qaraqalpaqlarg’a jasag’an topılısı na’tiyjesinde xalıqtın’ tiyкarg’ı bo’legi ata jurtı Tu’rкistandı taslap, Aral jag’alarına, Jan’a da’ryag’a qonıslanadı. Xiywa xanı qaraqalpaqlardı tolıq bag’ındırıp, xanlıqtı qol astına aladı. Qaraqalpaq xalqının’ ta’g’diri endi barlıq jag’ınan xanlıq siyasat penen ta’rtiplerden g’a’rezli bolıp qaldı. Xalıq eкi ta’repleme zulımlıq eziwdin’ astına tu’sedi.

XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyatı mine usı tariyxıy waqıyalar ishine do’redi. Bul da’wirdin’ a’debiyatın du’zetug’ın Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq ha’m basqa da shayırlardın’ do’retpelerinde usı a’sirdin’ siyasiy-eкonomiкalıq jag’dayları ten’nen sa’wlelengen.

Ku’nxoja satiranı mine usınday du’nya jıynawshı unamsız xaraкterdegi adamlarg’a qarsı qarattı.

## Juwmaqlaw

Ku'nxoja İbrayım ulının' do'retiwshiligindegi satira ha'm yumorlıq sıpatlı belgilerdi juwmaqlay otırıp shayırdın' XIX a'sirde qaraqalpaq a'debiyatı tariyxında satiralıq ha'i yumorlıq shıg'armalarg'a negiz salg'an. Shayır jasag'an zaman a'piwayı xalıq ushın qansha tar bolg'anı menen Ku'nxoja so'zden qaytıp, pikirin ha'sh kimge aytalmay qalg'an emes. Onda u'stem wa'killerin a'shkaralaytug'ın so'z de, ju'rekte, batırlıq ta jetkilikli boldı.

Jaqsılıqqa quwanıp, jamanlıqqa uwlı ku'lkisin shashıp, ulıwma qaraqalpaq xalqının' XIX a'sirdegi turmıs tirishiliginin' ha'siretli o'tken o'mirine, ku'lerine janı ashıp, qayg'ıradı. İshindegi da'rtin to'gip, ashıq aytıw arqalı eziwshilerge ku'lki jawdırıp turg'anın ko'remiz. Bul a'piwayı ku'lki emes. Ha'r bir adamnın' axıw zarı, ishtegi da'rtleri, ha'sireti edi. Bunday adamdag'ı da'rtti ha'r kim tu'sine bermeydi. Ku'nxoja bolsa og'an tu'sinedi. Sol ushın u'stem toparlardı «azıwlı, shoshqa, shımshıq, so'k sanar, zalımlar» dep atadı. Al xalıqtın' arın arlap hu'rmetledi. Ta'biyg'ıy tu'rde Ku'nxoja o'z da'wirinde bolıp atırg'an xalıq basına tu'sken mu'siybetti o'zine bolg'an jawızlıqtay sezgeni ushın Ku'nxoja boldı.

Ku'nxojanın' satira jawınger quralı, ju'yrik atı boldı. Xalıqtın' arın, namısın usı satiralıq shıg'armaları arqalı alıp berip otırdı.

Shayırdın' o'tкir tili arqalı qaraqalpaq xalqı o'z suwlıg'ın basıp, azıp-aqıretlerinin' ju'reккe salg'an ashıwın umıtıp otırdı. O'ytкeni Ku'nxoja ha'sh кimnen tartınbastan haqıyqatlıqtı ayttı. Xalıq og'an isendi.

Xalqı, eli ushın o'z o'mirin pida etti. Ol xan, biy, molla, iyshan bolsın tartınbastan o'z piкirin olardın' aldında ayta aldı. Shayırdın' satiralıq shıg'armalarının' a'debiyat tariyxındag'ı bahalılıg'ı, olardı ja'miyetliк, xalıqlıq pozitsiyadan turıp jızılg'anlıg'ında bolıp tabıladı. Shayırdın' o'zi de «retinde qosıqlarım tas кeser» degen edi. Sonın' ushın da shayır satiralıq quralın xalıq ma'pine jumsadı. Adamzat iygiligi ushın ol bul jolda bar aqıl-oyın, bar sheberligin de berdi. Ol o'z satirasın o'z xalqının' quralına aylandırdı. Na'tiyjede XIX a'sirde milliy a'debiyatta milliy satira qa'liplesti. Du'nyag'a gumanistliк piкirde qaradı. Ha'm o'zinin' o'mirinin' aqırına deyin xalıq ta'repinde boldı. Ku'nxoja ha'sh кimnen tartınbay satiralıq, yumorlıq shıg'armalar do'retti. Bul a'debiy g'a'ziyne bu'gingi turmısımızda da o'z a'hmiyetin joytpaytug'ınlıg'ı usıdan ibarat.

Shayır baxıtlı, erкin turmısqa shıg'ıwdın' jolın кo'rsetip bere almasa da, aqırı bir кu'n baxıtlı turmıs кeledi dep isenedi.

«Saw bolsa aqırı adamnın' deni,
Sa'wbet qurar birge o'sкen jaylawın»,
«Shaqaq urar aqırı bir кu'n qız-jigit,
A'rman menen qayg'ıda o'sкen jaylawım»,
«Aqırı bir кu'n bizin' talap кeliser».

usı qosıg'ında: «Retinde qosıqlarım tas кeser» dep jazıp shayır jaqsı zaman ornasa, ezilgen xalıqtın' g'ayratlanatug'ınlıg'ın aytpaqshı boldı.

Da'l usı aytqanınday Ku'nxoja o'zi jasag'an ja'miyettin' jaraların ha'mme waqıtta da jaqsı seze bildi. Olardın' u'stinen кu'lip, a'shкaralap otırdı. Ku'nxoja satiranın' кu'shi menen adamlarg'a ja'riya etip, jarasının' awızına awırıwına «кu'lкi» кu'ydirip basatug'ın boldı.

«Men o'lermen so'zim qalar кeynimde,
So'zim ju'rer neshshelerdin' tilinde».

Ol o'z shıg'armalarının' xalıq yadında beккem saqlanıp qalatug'ınlıg'ına, кelesheк a'wladlardın' olardı yadlap ju'retug'ınlıg'ına beккem isenim bildiredi.

## Paydalanılg'an a'debiyatlar

1. Karimov İ.A. "Uzbeкiston musta1illiк orfasida". -Toshкent: "Uzbeкiston", 2012.

2. N.Da'wqaraev. Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı. III tom, -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1979.

3. Ku'nxoja. El menen. -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1984.

4. İsmaylov B. «Ku'nxojanın' o'miri ha'm tvorshestvosı» -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1961.

5. Pirnazarov. A. «Ku'nxoja, A'jiniyaz, Sıdıq shıg'armalarında qolllanılg'an do'retiwshiliк usıllar». -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 2000.

6. A'lewov O'. XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındıg'ı qaraqalpaq a'debiyatındag'ı ag'artıwshılıq piкirler. -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1991.

7. Paxratdinov A'. Qaraqalpaq a'debiyatın oqıtıwdın' metodiкası -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1992.

8. Qaraqalpaq a'debiyatı tariyxı. -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1983.

9. Paxratdinov Yu. «Satira a'sirler sırlası» -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1994.

10. Paxratdinov Yu. «Qaraqalpaq satirası» -No'кis: «Qaraqalpaqstan», 1992.

11. A'lewov O'. Qaraqalpaqstanda ta'lim-ta'rbiyalıq oylardın' qa'liplesiwi ha'm rawajlanıwı. -No'kis: "Bilim", 1993.